

ISHENGERO RY'ABADVENTISTE B'UMUSI W'INDWI MU BURUNDI

INIYO MISIYONI Y'UBURUNDI

BP : 1710 Bujumbura

**ICIVUGO : “UMUHAMAGARO WO GUSENGA W'ABAMALAYIKA
BATATU”**

IMISI CUMI YO GUSENGA 2022

5- 15 Nzero 2022

ISOMO RY'ICIVUGO :

“ Mbona umumalayika wundi aguruka yatiriye ijuru afise ubutumwa bwiza butazoshira bwo kubarira ababa kw'isi, n'amahanga yose, n'imiryango yose, n'indimi zose n'amoko yose” (Ivyahishuwe 14 : 6).

IBIRIMWO

| | |
|---|----|
| IBIRIMWO | i |
| INTANGAMARARA | 1 |
| ISABATO Y'UMUNEZERO | 20 |
| IVYEREKEYE UMWANDITSI | 25 |
| UMUSI WA 1: ISENGESHO RIRAKENEWE MU BURYO BWIHUTIRWA CANE .. | 26 |
| UMUSI WA 2: UBUTUMWA BWIZA BUTAZOSHIRA N'ISENGESHO | 29 |
| UMUSI WA 3 : IGIKORWA C'IMANA HAMWE N'ISENGESHO IGICE CA 1 | 32 |
| UMUSI WA 4 : IGIKORWA C'IMANA HAMWE N'ISENGESHO IGICE CA 2 | 36 |
| UMUSI WA 5: UBURYO BWO KUBAHO WUMVIRA HAMWE N'ISENGESHO | 39 |
| UMUSI WA 6 : IVYIZIGIRO MU RUBANZA HAMWE N'ISENGESHO | 42 |
| UMUSI W'7: UBUTUMWA BW'ABAMALAYIKA BATATU, ISABATO HAMWE N'ISENGESHO | 44 |
| UMUSI W'8: UKUGWA KWA BABURONI HAMWE N'ISENGESHO | 47 |
| UMUSI W'9 : IKIMENYETSO C'IGIKOKO HAMWE N'ISENGESHO | 51 |
| UMUSI W'10: UBWOKO BW'IMANA, AMASIGARIRA HAMWE N'ISENGESHO . | 54 |

INTANGAMARARA

Murahawe ikaze mu nteguro y'Imisi cumi yo gusenga 2022 ! Turizera ko isengesho arico kibanza kivukiramwo ikangura! Imana yarakoze ibitangaza vyinshi cane muri iyi myaka iheze mukwishura ku myanya twamaranye nayo twisonzesheje kandi dusenga. Mpwemu Yera yatumye haba ikangura, ukwihana, igishika co kugira amavugabutumwa amashengero yasubiranye ubuzima hamwe no gusubizaho imigenderanire yari yaratosekaye. Mbega woba umaze kwumva ijwi ry'Imana riguhamagarira kugira ivugurura?

Bibiliya Yera yuzuyemwo amasezerano menshi ku bwawe:

1. “Maz’ abantu banje bitirirwa izina ryanje ni bicisha bugufi bagasenga barondera mu nyonga hanje, bagahindikira bakareka ingeso zabo mbi, nuko nanje nzokwumva ndi mw’Ijuru, mparire ivyaha vyabo, nkize n’igihugu cabo” (2 Ngoma 7:14).
2. “Muzondondera kandi muzombona, nimwandondeza umutima wanyu wose” (Yeremiya 29:13).
3. “Kand’ umuntu wese azokwambaza izina ry’Uhoraho azokizwa: kuko ku musozi Siyoni y’i Yerusalemu hazoba agakiza; nk’uk’ Uhoraho yavuze, kandi mu masigarira hazobamw’abo Uhoraho azoba ahamagaye” (Yoweli 2:32).
4. “Mwiyegereze Imana nayo izobegera. Yemwe banyavyaha, ni mukarabe: yemwe ab’imitima ibiri, ni mwiyeze imitima” (Yakobo 4:8).
5. “Ehe mpagaze ku rugi, ndaramukije. Umuntu niyumva ijwi ryanje, akugurura urugi, ndinjira iwe, dusangire” (Ivyahishuriwe Yohana 3:20).

Turizera tudakekeranya ko ubuzima bwanyu hamwe n’ubuzima bw’abo musengera buzohinduka igihe hamwe n’abandi bizera b’ishengero muzohurira hamwe mw’isengesho.

Ahantu woba uri aho ariho hose mu vyerekeye ubuzima bwawe ubu nyene, Uhoraho ari hafi cane yawe kurusha uko uvyiyumvira. Uhoraho aripfuzaga gusesekaza imihezagiro yiwe ku muryango wawe, kw’ishengero ryawe, mu kibano cawe, eka mbere no kw’isi yose. Ingo wifatanye natwe ubu nyene mukwishura umuhamagariro w’abamalayika batatu kw’isengesho.

Ibintu nyamukuru tuzokwisunga muri ino misi cumi yo gusenga

Indongozi y’isengesho ya buri musi

Twaratanze ingingo ngenderwako zizisungwa buri musi muri kino kiringo c’imisi icumi. Ingingo iy’ari yo yose iba irimwo umurongo wo muri Bibiliya, igisomwa co

kwiyumvirako, ibisomwa vyo muri Bibiliya vyo gusoma no kwiga, amasengesho yiyumviriwe hamwe n'indirimo ziyumviriwe mwokwifashisha. Ni vyiza rero ko mwobirwiza kugira ngo uwariwe wese aja kuba ari muri zino nteguro abe afise ingingo ngenderwako za buri musi kugira ngo ashobore kubikurikiza mu bihe vyiza vyo gusenga muja kuba murimwo.

Amashengero y'Abadventiste b'Umusi w'Indwi kw'isi yose bazokwishira hamwe mu ntumbero yo gusengera imitwari ya buri musi. Mwifatanye nabo mu gusenga ukoresheje imirongo yo muri Bibiliya hamwe n'imitwari iba yashikirijwe yo gusengerwa. Ariko ntiwumve ko utegerezwa uko vyogenda kwose kuraba urutonde rwose rw'imitwari iba yatanze hamwe n'amasengesho yiyumviriwe. Mushobora kwigabura mu mirwi mito mito hanyuma umurwi wose ugashikirizwa igice c'imitwari iba yashikirijwe ngo isengerwe.

Twarashizemwo kandi igice twise Imitwari y'Ishengero ku rwego rw'isi yo gusengerwa. Birahambaye cane gusengera hamwe nk'abagize umuryango w'ishengero ryacu mw'isi yose. Ariko kandi turashobora gufata umwanya munini musengera ivyo mukeneye aho muherereye niba mu murwi wanyu harimwo abashitsi baje bava mu kibano. Musenge kugira ngo mumenye uburyo bubereye mwoshobora guhamwo ikaze abo mwatumiye kugira ngo biyumvemwo ko nabo bari mubagize umurwi wanyu.

Indinganizo y'umwanya yiyumviriwe muri buri gice cose c'amasengesho.

Imyanya yanyu yo gusenga muyigire iyisanzwe kugira ngo abagize umurwi bose bashobore gushira umutima wabo kw'isengesho. Umwanya muzomara kuri buri muce uzoja urahinduka. Izi ngingo ngenderwako n'iciyumviro gusa gishobora kudufasha:

Gutanga ikaze hamwe n'intangamarara : Hagati y'iminota 2 - 5.

Gusoma icigwa (mu ndongozi y'isengesho ya buri musi) : Iminota 5.

Gusenga wifashisha imirongo bise “Gusenga ukoresheje Ijambo ry’Imana” (mu ndongozi y'isengesho ya buri musi) : hagati y'iminota 10 na 15

Gusengera ivyatanze mu murwi “Imitwari yashikirijwe yo gusengera” (mu ndongozi y'isengesho ya buri musi) : hagati y'iminota 20 na 30

Ukwishura biciye mu ndirimbo n'amashimwe : hagati y'iminota 5 na 10.

Gusengera abandi

Himiriza buri muntu wese ngo asengere ubudasiba abantu bari hagati ya batanu n'indwi Imana yashize ku mutima wiwe. Bashobora kuba abavyeyi, abagenzi, abo mukorana ku kazi, ababanyi canke uwundi uw'ariwe wese. Bahimirize kugira ngo basabe Mpwemu Yera ibayobore mu gihe bahitamwo ayo mazina kandi bashobore kugira ico babafasha muri iki kiringo c'imisi icumi yo gusenga. Mushobora gutanga amakarata canke ugashikiriza abantu impapuro boshobora kwandikako amazina y'abo bantu bipfuzza kuzoja barasengera.

Ibikorwa vyo kw'Isabato mu misi cumi yo gusenga

Tumbereza ivyiyumviro kw'isengesho kandi usangize abandi ibishingantahe vyawe vy'uburyo Imana yishuye amasengesho yawe mu gihe c'integuro yo gusenga kuri ayo masabato abiri. Ni mube abantu bazana bishasha- hariho uburyo bwinshi bwo gusabikanya n'abagize umuryango w'abanyeshengero ivyagiye birakoreka mu bikorane vy'amasengesho vya buri musi.

Guhimbaza Isabato ya nyuma

Isabato ya nyuma itegerezwa kuba umwanya w'umunezero udasanze mu vyo Imana yakoze vyose muri iyo misi cumi. Mutegekanye umwanya uhagije wo gushikiriza ibishingantahe vy'amasengesho yishuwe muri ico kiringo, inyigisho/ikibwirizwa cerekeye isengesho, hamwe n'indirimo.

Yoborera ishengero ryose mu mwanya w'isengesho kugira ngo n'abo bandi bataje mu bikorane vya buri musi bashobore kwumva umunezero wo gusengera hamwe n'abandi.

Gukurikiranira hafi imisi cumi yo gusenga

Senga kugira umenye ingene Imana yipfuzza ko ishengero ryawe canke umurwi wawe wokomeza ico watanguye mur'iyi misi Cumi yo Gusenga. Kumbure muzobandanya ibihe vyo gusenga vyo mu ndwi. Kumbure Imana yipfuzako mwotangura igikorwa gishasha mw'ishengero ryanyu canke igikorwa c'ivugabutumwa mu kibano. Ni mwuguruke kandi mwemere kuyoboka muja iyo Imana izobayoborera kuja. N'ivy'ukuri ko muzotangazwa cane kugendana nayo. Igitabo **Intambanyi mw'Ivugabutumwa** cuzuyemwo ivyiyumviro bitandukanye bizobafasha kurangura ico gikorwa.

Ibishingantahe

Sabikanya n'abandi inkuru zerekeye ingene Imana yakoze muri iyi misi cumi yo gusenga ! Inkuru zanyu zizotera intege abandi bantu isinzi. Inkuru mushobora kuzirungika biciye rubuga rw'ubuhinga ngurukanabumenyi : www.tendaysofprayer.org.

Gutumbereza kw'isengesho ry'urunani

Mwemeranye mwese hamwe

Mu gihe hari umuntu umwe ariko arashikiriza umutwaro Imana, murabe ko n'abandi bariko barasengera uwo mutwaro kandi bemeranye bose hamwe, birimwo inkomezi ! Ntuhave wiyumvira ko kubera hari uwasengeye umutwaro ko atawundi yowusengera. Bibiliya igira iti : “Kandi ndababwira ukuri yuko babiri muri mwebwe ni bahuriza inama mw isi gusaba ikintu cose, Data wo mw'Ijuru azokibakorera” (Matayo 18 :19). Mbega ukuntu bitera umwete guterurira hamwe umutwaro biciye mw'isengesho !

Ukwishuza amasezerano y'Imana

N'akaryo kacu ko kwishuza amasezerano y'Imana mu masengesho yacu. Amategeko yayo yose n'inama zayo nayo n'amasezerano. Ntizigera idusaba ikintu kirengeye ico dushobora gukora n'inguvu zacu. Biroroshe cane guhanga amaso ku bukene bwacu, ku ngorane zacu ku vyatunaniye kandi tukarira tukiganyira mw'isengesho kubw'ibihe turimwo. Iyo siyo ntumbero y'isengesho. Isengesho rifise intumbero yo gukomeza ukwizera kwacu. Ni co gituma tubahimiriza ngo mwishuze amasezerano y'Imana mu gihe muba muriko murasenga. Kura amaso yanyu kuri mwebwe nyene no ku ntege nke zanyu maze murabe Yesu. Mu ku mwitegereza turaheza tugahindurwa tugasa nawe. Ellen White aduhimiriza muri ubu buryo : “ Amasezerano yo mw'ijambo ry'Imana ni ayacu. Mu masengesho yanyu, nimuvuge ijambo ryasezeranywe na Yehova maze mwishuze kubwo kwizera amasezerano yayo. Ijambo ryayo ryaduhaye ivyizigiro ko iyo dusavye dufise ukwizera tuzoronka imihezagiro yose ya Mpwemu. Mubandanye musaba kandi muzoronka ibirengeye ivyo mwasavye n'ivyo mwiyumviye. Ariko iyo twishuje amasezerano y'Imana, bituma ukwizera kwacu gukura kandi tukibuka ko turi kumwe n'Imana ata kintu na kimwe kidashoboka ” (In Heavenly Places, p.71).

Amasezerano aradufasha gukura amaso yacu ku ntege nke zacu hamwe n'ibibazo vyacu maze tukayahanga kuri Yesu. Kuri buri intege nke, no kuri buri ntambara dushobora kubona

muri Bibiliya amasezerano twokwishuza. Himiriza abantu ngo barondere muri Bibiliya amasezerano menshi ashoboka maze bayandike ahantu kugira ngo bazoshobore kuyishuza Imana muri kazoza.

Ukwisonzesha

Tumira abantu bariko barifatanya namwe muri ino misi cumi yo gusenga ngo bategekanye uburyo bwo kwisonzesha, nko kwisonzesha televiziyo, guheba umuziki w'isi, amareresi, ubuhinga ngurukanabumenyi, ibisosa, canke ibindi bifungurwa bigoye cane gusya mu mushishito. Koresha rero uwo mwanya wahora ukoresha mur'ivyo, mu gusenga hamwe no kwiga Bibiliya, usaba Imana ngo igufashe wewe ubwawe hamwe n'ishengero ryawe ngo mugume muri Kristo mu buryo bwuzuye. Biciye mukwihereza imfungurwa zisanzwe, twemerera ubwonko bwacu ngo bube ubwakira ningoga ijwi rya Mpwemu Yera. Turabahimiriza kandi ngo mwisonzeshe nka Daniyeli muri iyi misi cumi. Mutanguze umwaka isengesho no kwisonzesha n'uburyo bwiza cane bwo kwegurira Imana ubuzima bwacu mu mwaka tugira dutangure. Ellen White atubwira ati :” Uhereye ubu gushika kw'iherezo ry'ibihe, ubwoko bw'Imana bwategerezwa kudafyinata, bukaba maso, ntibizigire ubwenge bwabo bwite, ariko bakizigira ubwenge bw'umutware wabo. Bategerezwa gutegekanya imisi yo gusenga no kwisonzesha. Kumbure birashobora kutabakundira guheba imfungurwa zose ariko nibura bagafungura mu buryo bworoheje rwose, imfungurwa zisanzwe.” (Counsels on Diet and Foods, pp. 188, 189). Turazi ko yamaze imisi cumi afungura ivyamwe n'imboga. Turabahimiriza rero namwe ngo mugire gutyo namba mugomba ubwenge butaremerewe bwiteguye kwakira neza ijwi ry'Imana kandi tukaba tugomba kumwegera, dutegerezwa kumenya ko uburyo bwacu bwo gufungura butatubera intambanyi.

Mpwemu Yera

Suzuma neza ko mwasavye Mpwemu Yera ngo abereke ivyo mukwiye gusengera mu buzima bw'umuntu canke mu bihe bidasanzwe. Bibiliya itubwira yuko tutazi ivyo dusengera kandi ko Mpwemu Yera adusabira yinginga.

“Ntidutegerezwa gusa gusenga mw'izina rya Yesu, ariko biciye mu guhishurirwa na Mpwemu Yera. Ivyo bisigura ico twumva mu gihe haba havuzwe yuko Mpwemu “ubwiwe adusengera, aniha iminiho itovugwa” (Abaroma 8 :26). Isengesho nk'iryo rihimbara Imana kuryishura. Mu gihe duhema isengesho ryuzuyemwo icubahiro n'ubushizi bw'amanga biciye mw'izina rya Yesu, harimwo muri ico cubahiro nyene isezerano ry'Imana ko yiteguriye

kwishura bidatevye amasengesho yacu mu buryo “burengeye cane ivyo dusaba n’ivyo twiyumvira” (Abanyefeso 3 :20)” (Imigani ya Kristo, p. 147, mu rurimi rw’Icongereza).

Gukora bwa Kinyamakuru

Gutunganya ikinyamakuru c’amasengesho muri ino misi cumi yo gusenga birashobora gufasha abaza gusenga gufata ivyasengewe ku musu, ku musu maze bigatuma bagirana amazezerano n’Imana mu buryo bwumvikana kandi bikabatuma bashima imihezagiro yayo. Kwandika amasengesho yacu hamwe no kugumya ibimenyetso vy’inyishu z’Imana ni iyindi nzira yapimwe ishikana ku guhimbarwa.

Niba mubishaka, murashobora gutegekanya umwanya mu bihe vy’ibikorane vyo gusenga kugira ngo abantu bandike mu binyamakuru inyishu Imana yabahaye muri rwa rutonde basengeye mu mwiherero. Canke mushobora kugira ikinyamakuru c’umugwi mukandikamwo imitwara hamwe n’inyishu baronse, haba mw’ikaye canke ku kibaho kinini, eka mbere canke ku buhinga ngurukanabumenyi. Ni ubundi buryo bwo gutera intege mugukomeza kwubaka ukwizera mugutereza amaso yacu inyuma kuvywo twasavye Imana hanyuma tukibonera ukuntu Imana nayo yishuye amasengesho !

Gusonera

Himiriza kandi wongere ube akarorero mu mwifato wo kwubaha. Tuzirikane ko turiko turegera intebe y’Umwami aganza ijuru n’isi. Ntidufate uyu mwanya wo gusenga minenerwe biciye mu mwifato yacu canke uburyo tubikoramwo. Ariko kandi si ngombwa ko buri muntu wese yokwama apfukama umwanya wose. Mwipfuzwa ko abantu bumva baguwe neza mu kiringo c’isaha imwe. Bahimirize uwariwe wese yifata mu buryo yumva ko bumworohera haba gufukama, kwicara canke guhagarara nkunk’Imana imurongoye, kandi bakumva baguwe neza.

Amungane agize amasengesho

Amasengesho akwiriye kuba magufi kandi atumbereye neza ico usengera. Ibi biha abandi akaryo ko gusenga. Mugerageze amasengesho yanyu makeyi abe agizwe n’amajambo make. Umuntu umw’umwe wese ashobore gusenga ibihetangabo vyinshi. Gusenga amasengesho magufi bituma umwanya wo gusenga ukundwa cane maze bikemerera Mpwemu Yera kwandika mu bwenge bw’abagize umurwi bose uburyo bwiza bwo gusenga. Ntibikenewe ko wama ijambo ryose rihereza canke ritangurira isengesho ryawe kwama ushiramwo

amajambo nka “Data udukunda” hamwe na “Amen.” Ico ni ikiyago kibandanya uba uriko uragirana n’Imana.

Agacerere

Nk’umurongozi, ntiwigere wihariza umwanya wo gusenga. Intumbero n’uko ahubwo abandi bose bosenga. Imyanya y’agacerere ni myiza cane kuko iha akaryo Imana kuvugana n’imitima yacu. Reka Mpwemu Yera akore kandi uherezese umwe wese umwanya wo gusenga.

Mu kuririmba

Indirimbo zitorewe ngabo zirimbwa n’abagize umurwi bose, zirimbwa hagati y’amasengesho bizana akandi akanovera mu bikorane vyo gusenga. Urutonde rw’indirimo rwokoresha rwagiye ruratangwa ku mpera ya buri cigwa. Ntuhawe wumva ko bikenewe gukoresha izo ndirimbo zose, izo ni iziyumviriwe gusa. Ukuririmba ni uburyo bwiza bwo gutandukanya imyanya yo gusenga.

Kwakira imitwaro yo gusengerwa

Ntukigere usaba imitwaro abantu bagize umurwi. Ahubwo bwira abo bantu basengere imitwaro yabo kandi uhimirize abandi ngo bemere ubwo buryo bwo gukora kandi basengere iyo mitwaro. Ehe impamvu: **Umwanya!** Ukuvuga kuvyerekeye imitwaro bizodufata hafi umwanya wacu wose wo gusenga.

Satani aranezerezwa cane no mu gihe ashoboye tuguma tuvuga ingorane aho gusengera iyo ngorane. Abagize umurwi bazokomeza kenshi batanga impanuro bongera batanga imiti yose ishoboka. Ariko tuzirikane ko inkomezi ziva k’Uhoraho! Uko tubandanya dusenga niko ubushobozi bwiwe bukomeza kwiyerekana.

Umwanya wanyu buri musi

Birahambaye cane! Menya neza ko mwebwe nk’abarongozi mugomba kuramara umwanya buri musi ku birenge vya Yesu, munganira nawe kandi musoma Ijambo ryiwe. Ukumenya Imana niwabigira nyambere mu buzima bwawe, ivyo bizokwugururira inzira nziza y’imibereho. “Mu kibanza c’ibanga c’amasengesho havuyeyo ubushobozi bwanyiganyije isi yose mu gihe c’ubugorozi buhambaye. Aho rero, hamwe n’agacerere kera, abakozi b’Umwami

bashize ibirenge vyabo kw'ibuye ry'amasezerano yiwe" (Intambara Ihambaye, p. 210 mu rurimi rw'Icongereza). Igihe umurongozi asenze, Uhoraho nawe aca akorera ku mitima!

Ijoro ry'amasengesho

Mutegekanye gufata ijoro ryose ryo gusenga muri ino misi cumi yo gusenga. Nk'akarorero, murashobora gutangura isaha cumi na zibiri z'umugoroba hanyuma mugasozera isaha cumi na zibiri z'igitondo. Muhitemwo umwanya ushobora kworohereza abagize umurwi bose kugira babe bahari atanumwe avuyemwo.

Kubera iki ijoro ry'amasengesho?

Nta kintu na kimwe "cera" mu kuguma ukanuye ijoro ryose kandi uriko urasenga. Ariko kandi, ijoro rishobora kuba ariwo mwanya wonyene aho abantu atagikorwa na kimwe baba bariko barakora kandi atakibahutagiza. Twizera ko intumbero yanyu itazoba iyo kuguma mukanuye ijoro ryose ariko akaryo kadasanzwe ko gusenga gushika wumvise ko wasengeye ikintu ico arico cose Imana yariko irashakako wosengera.

Twobaha icyumviro ko abantu batari bake borongora iyo nteguro yo mw'ijoro. Mukore ibishoboka vyose haje harabamwo umwanya w'akaruhuko. Nk'umurongozi, urashobora kwumva uko ibintu bimeze kandi ukamenya igihe ikiruhuko gikenewe n'igihe kibereye co kuva ku murwi w'amasengesho ngo muje ku wundi murwi.

Murashobora kandi gushiramwo ibisomwa vy'imirongo yo muri Bibiliya muri uwo mwanya wo gusenga. Murashobora gushaka gukorera icarimwe ibintu vyose vyatanzwe canke bimwe muri vyo, bivanye n'uko mubona ivya nkenerwa ku murwi. Ntimubure guhindura urutonde rwatanzwe nk'uko muvuyemva.

Integuro ishoboka mw'ijoro ry'amasengesho

Tanguza no guhimbaza. Muhimbaze Imana mu masengesho yanyu kandi munabikore biciye mu ndirimbo.

Mufate umwanya runaka wo kwihana, murabe neza ko atakintu na kimwe cobabera intambamyi ngo Imana ntibumve. Muhereze abantu akaryo ko kwaturira Imana ivyaha vyabo mw'ibanga kandi baronke umwanya wo kwihana. Himiriza abantu kwaturira mw'ibanga ivyaha vyabo bakoreye mu mpisho hamwe no kwaturira ku mugaragaro ivyaha bakoreye ahabona.

Muri Daniel 9:1-19 dusoma ivyerekeye Daniel, yasabiye kandi akaturira ku mugaragaro ivyaha vy'ubwoko bw'Imana.

Musengere ivyo abantu baje mu bikorane vy'amasengesho bakeneye. Abantu benshi barakomeretse canke barakeneye amasengesho cane. Bitayeho, barazi umuntu wundi akeneye mu buryo budasanzwe isengesho. Mukore umuzingi, mushire intebe hagati, hanyuma mutumire abo bantu bose bafise imitwari idasanzwe ngo baze umw'umwe musabikanye imitwari yabo. Hanyuma nimuzenguruke uyo umuntu babiri canke batatu basengere ico akeneye mu buryo butomoye mugusaba ishitswa ry'amasezerano y'Imana.

Gabura umurwi wanyu mu mirwi ibiri. Saba abakenyezi bakorere integuro yo gusenga mu cumba kimwe (banafise umukenyezi nk'umuyobozi wabo) Abagabo nabo mu kindi cumba (banafise umugabo nk'umuyobozi wabo). Ibintu abantu benshi bakeneye ntibishobora gusabikanywa n'umuntu uwo ariwe wese. Biroroha cane kubisabikanya n'abantu basangiye igitsina.

Inyuma yo gusubira gukoranira hamwe mwese, **sengera ubukene bw'ikibano canyu hamwe nubw'ishengero ryanyu.** Vyongeye nimufate umwanya wo gusengera **imitwari y'ishengero kw'isi** (iyo imitwari yaradondagurwe mu buryo butandukanye mu bikoresho vy'imisi cumi yo gusenga). Ntiwumve ko uca wirukira mu rutonde rwose rw'imitwari yatanze. Urashobora kuyigabagura mu mirwi mito mito maze umurwi wose ukawuhereza abawusengera.

Sengera rwa rutonde rw'abantu batanu gushika ku ndwi wakomeje gusengera muri kino kiringo c'imisi icumi.

Hitamwo umurongo wo muri Bibiliya maze musenge ariwo mukoresheje.

Musozereshe umwanya wanyu wo gusenga hamwe n'ikindi gice co guhimbaza hamwe n'amashimwe.

Ivugabutumwa muri ino misi cumi yo gusenga

Yesu ntabwo aduhamagarira gusenga gusa ariko kandi gufasha mu buryo bw'umubiri n'ubw'impwemu abatuzengurutse hirya no hino yacu. “Nari nshonje, murangaburira, nari mfise inyota, mumpa ico nywa ; nar' ingenzi, mumpa indāro ; nagenda gusa, muranyambika ; nari ngwaye, muza kurāba uko meze ; nari mw ibohero, muza kundāba” (Matayo 25 :35, 36).

Mu gitabo citwa **Igikorwa co Gukiza** dusoma amajambo agira ati : “Dutegerezwa kubaho ubuzima bw'uburyo bubiri—ubuzima bw'iciyumviro hamwe n'ubuzima bw'igikorwa, isengesho ryo mu gacerere hamwe n'igikorwa gishimitse” (urupapuro 512 mu rurimi rw'Icongereza). Twararonse urukundo rudasanzwe rwavuye ku Mukiza wacu, kandi turafise

amahirwe yo gusabikanya urwo rukundo n’abagenzi, ababanyi hamwe n’abanyamahanga barukeneye.

Saba Imana uburyo wewe hamwe n’ishengero ryawe mwoshobora gukorera abandi inyuma y’iyi misi cumi yo gusenga. Ubwo mugiyeye gukora ngo mutegure ibikorwa bitandukanye, mwirinde ko izo nteguro zobaciramwo mu mwanya wo gusenga.

“Akigoro k’umuntu mu gukorera abandi zitegerezwa gutangurirwa n’isengesho ridasanzwe ryo mu mwiherero ; kuko bisaba ubwenge bwinshi bwo gutahura ubuhinga bwo gukiza imishaha. Imbere yo kuvugana n’abantu, banza wihererane na Kristo. Ku ntebe y’ubuntu yo mw’ijuru niho turonkera umwiteguro wo gukorera abantu” (Prayer, urupapuro 313 mu rurimi rw’Icongereza).

Ngubu bumwe mu buryo bwo gufasha abandi. Hitamwo icarico cose gihuye n’ivyankenerwa vy’ikibano cawe, kandi ni wumva bikenewe murashobora kwongeramwo ibindi vyiyumviro vyanyu.

- ✓ Tegurira ibifungurwa umuntu arwaye.
- ✓ Tumira umubanyi/uwo mukorana ku kazi munezeranwe.
- ✓ Hereza ibifungurwa uwutagira aho akika umusaya.
- ✓ Tanga impuzu wipfuzako nawe bokugabira.
- ✓ “Iyandikeko (adopter)” umuntu ageze muzabukuru. Mugendere buri musu kandi umufashe ibikorwa vya buri musu, ugusuma, uguteka, canke ibikorwa vyo mu murima.
- ✓ Kora imikate hanyuma uyisabikanye n’umubanyi wawe.
- ✓ Fasha umubanyi wawe imigambi yiwe.
- ✓ Ha indaro umuntu arwaye canke umuntu w’umukehabwenge kugira ngo abamurwajije bashobore gusimba gukora utundi dukorwa.
- ✓ Ifatanye n’umubanyi wawe mu migambi.
- ✓ Imenyekanishe ku mubanyi wawe mushasha mu kubatumira gusangirira hamwe. Mufashe ku buryo yumva ko yakiriwe neza mu kibano.
- ✓ Gura ibifungurwa kandi ubihereze imiryango ibikeneye.
- ✓ Tanga amarori yawe ya kera ku barwaye amaso muhuje uburwayi.
- ✓ Tanga Ivyigwa vya Bibiliya.
- ✓ Gendera abantu bari mu bitaro.
- ✓ Hereza amafaranga yo kugura “ibifungurwa” umunyeshure.
- ✓ Egeranya ivyambarwa vyo guha ababikeneye. Utegerezwa gutangurira kubakwegereye bari mw’ishengero ryawe kugira ngo basangire n’abandi.
- ✓ Tanga imashini yawe nyabwonko canke ibindi bikoresho bikoresha vy’umuyagankuba.

- ✓ Tanga imodoka yawe wakoresheje.
- ✓ Mutegure ivyigwa vy'intungamagara "Health Expo."
- ✓ Rungikira ikarata yawe abafunzwe.
- ✓ Tegura urukurikirane rw'amavugabutumwa.
- ✓ Hamagara ababanyi bawe kandi ubabaze uko bamerewe.
- ✓ Gabira umuntu igitabo wiyumvira ko akeneye.
- ✓ Musabikanye ivyandiko vyitiriwe GLOW (biboneka iyo ubisavye kuri uru rubuga ngurukanabumenyi arirwo: www.glowonline.org/glow).
- ✓ Tumira umuntu runaka kwemera Yesu mu buzima bwiwe.
- ✓ Tegura ishure ryigisha guteka.
- ✓ Tanga ibitabo bivuga ivyerekeye Imana.
- ✓ Shira ibifungurwa umuntu runaka yapfishije uwiwe.
- ✓ Gendera abantu bari mu bitaro mu ntumbero yo kubatera intege canke kubafasha mu buryo runaka.
- ✓ Somera amajambo y'Imana umutama canke umutamakazi ageze mu zabukuru.
- ✓ Gendera irerero ry'impfuyi mu ntumbero yo kuryunganira kandi mufashe abakozi bahakorera.
- ✓ Tanguza umurwi wo gushona kugira ngo bashone impuzu zo gutanga.
- ✓ Somera Bibiliya umuntu adashobora kubona canke ngo asome.
- ✓ Tegura igiteramo c'abana kizoba mw'ijoro.
- ✓ Tegura kwubakira inzu ku bantu batishoboye.
- ✓ Tanga ibitabo mu marerero y'impfuyi.
- ✓ Twara abana mu bibanza bibamwo abageze mu zabukuru babagendere. Munahakorere integuro yo gusenga.
- ✓ Mutegekanye kwakira umusi wo kunezereza abana bagendana ubumuga hamwe n'imiryango yabo.
- ✓ Mutegure umusi w'ibikorwa rusangi vyo gusukura.
- ✓ Tanguza umurwi wo kugira amagara meza mw'ishengero ryanyu. Nimutumire n'ababanyi n'abagenzi.
- ✓ Saba umuntu niba yashobora kwifatanya namwe mu kuraba isinema irimwo ubutumwa bw'ivy'Impwemu. Mugihe muba muriko murayirabana n'uwo muntu, senga usaba Mpwemu Yera ngo avugane n'umutima w'uwo muntu.
- ✓ Tanguza umugambi w'iwawe.

Mu vyerekeye ibindi bintu vyinshi bivuga ivyerekeye ibishingantahe vyashikirijwe, ja ku rubuga ngurukanabumenyi : www.revivalandreforation.org/resources/witnessing.

Amasezerano yo muri Bibiliya twokwishuza mw'isengesho

Amasezerano yo kuronka Mpwemu Yera

“Uhoraho abe ariwe musaba imvura ngw igwe mu gihe c'itasura, muyisabe Uhoraho arema imiravyo; na we azobaha imvura y'umuvuvu, umuntu wese amumereze imirima” Zekariya 10:1.

“None mwebwe, ko muzi guha abana banyu ingabire nziza muri babi, mbega So wo mw ijuru ntazorushiriza rwose guha Mpwemu Yera abamumusavye?” Luka 11:13

“Arik' Umwitsa, ariwe Mpwemu Yera, uwo Data azorungika mw izina ryanje, niwe azobigisha vyose, kand' azobibutsa ivyo nababariye vyose. Uwo ni yaza, azohinyuza ab' isi, abemeze ivy' icaha, n'ivy'ukugororoka, n'ivy' amateka” Yohana 14:26; 16:8.

“N'ukuri, n'ukuri ndababwire: Unyizera, ibikorwa jewe nkora na we azobikora: kand' azokora ibibiruta, kuko jewe ngiye kwa Data. Kand' ico muzosaba cose mw izina ryanje nzogikora, kugira ngo Se ashimagizwe mu Mwana. Ni mwagira ico musaba mw izina ryanje, nzogikora” Yohana 14:12-14.

“Aranyishura, ati Ngiri ijambo Uhoraho atumye kuri Zerubabeli, ati Si kubw' inkomezi, si kubw'ubushobozi, ariko ni kubwa Mpwemu wanje, ni k'Uhoraho Nyen'ingabo agize” (Zekariya 4: 6).

Amasezerano y'uko Imana yishura amasengesho

“Ni mwaguma muri jewe, amajambo yanje akaguma muri mwebwe, musabe ico mugomba cose, kizobabera kuno” Yohana 15:7.

“Nuko ni twēgēre intebe y'ubuntu dushize ubwoba, kugira ngo turonke ikigongwe, tubone Ubuntu bwo kudutabara mu gihe gikwiye” Abahebulayo. 4:16.

“Ni co gitumye mbabwira yukw ivyo musenga canke musaba vyose, mwizere yuko mubihawe, kandi muzobibona” Mariko 11:24.

“Uz' unyambaze ku musu w'amagorwa, Nzogukiza, nawe uzompesha icubahiro” Zaburi 50:15.

“Kandi ndababwira ukuri yuko babiri muri mwebwe ni baturiza inama mw isi gusaba ikintu cose, Data wo mw ijuru azokibakorera” Matayo 18:19.

“Kand’ ivyo muzosaba vyose musenze, mwizeye, muzobihabwa” Matayo 21:22.

“Kand’ ico muzosaba cose mw izina ryanje nzogikora, kugira ngo Se ashimagizwe mu Mwana. Ni mwagira ico musaba mw izina ryanje, nzogikora” Yohana 14:13, 14.

“Kur’ uwo musu, nta na kimwe muzombaza. Ni ukuri, n’ukuri ndababwire: Nihagira ico musaba Data cose azokibaha mw izina ryanje. Kugeza ubu nta co mwasavye mw izina ryanje; musabe muzohabwa, ng’umunezero wanyu wuzuzwe.” Yohana 16:23, 24

“Kand’ ubu ni bwo bushizi bw’ubwoba dufise kuri yo, nukw’iyo dusavye ikintu cose gihwanye n’ivy’ igomba, itwumva. Kandi ko tuzi yuko yumva ico dusavye cose, bitumenyesha yuko duhawe ivyo tuyisavye” 1 Yohana 5:14, 15.

Amasezerano yerekeye Inkomezi z’Imana

“Mbega har’ ikinanira Uhoraho? Igihe gishinzwe, umwaka ugeze ah’uyu ugeze, nzogaruka i wawe Sara yavyaye umuhungu” Itanguriro 18:14.

“Uhoraho ni we agira ngw abarwanire, namwe ni mwinumire gusa” Kuvayo 14 :14.

“Yesu arabitegereza, arababwira, ati Kubw’ abantu ntigishoboka, ariko ku Mana s’uko, kuko vyose bishobokera Imana” Mariko 10 :27.

“Ihamagara n’iyo kwizigirwa ; no kubikora izobikora.” 1 Ab’i Tesalinike 5 :24

“Ati Nzi yuk’ ushobora vyose, Kandi kw atagishobora kubuza imigabo yawe.” Yobu 42 :2

“Ko bimeze biryo, tuvuge iki ? Bisanzwe Imana iri mu ruhande rwacu, uwoturwanya ni nde ? Itimanye Umwana wayo ikamutanga kubwacu twese, izobura ite kutugabirira vyose kuri we ?” Abaroma 8 :31, 32

“Ereg’ Imana s’umuntu ngw ibeshe, Kandi s’umwana w’umuntu ngo yisubiremwo ! Ivyo yavuze, mbega ntizobikora ? Ivyo yashinze ntizobishitsa ?” Guharura 23 :19

“Ntiwaribwabimenye ? Nturavyumva ? Uhoraho n’Imana ihoraho, Umuremyi w’impera z’isi ; ntadendebukirwa, ntaho aruha ; ubwenge bwiwe ntibusesangurika. Ni we aha inkomezi abadendebukiwe, kand’ ūtagira intege amwongeramw’inkomezi. Imisore yodendebukirwa, ikaruha, n’imisore y’imikangara yokwicakw igatamba, arikw abiteze Uhoraho bazokwama biyubura mu nkomezi nsha, bazodūgisha amababa nk’ inkukuma, biruke ntibaruhe, bagende ntibadendebukirwe” Yesaya 40 :28-31.

Amasezerano y'Uburongozi bw'Imana

“None si jewe nkwiabaririye, nti Shikama, ushire amanga ? Nuko ntutinye, nturanduke umutima kuko jewe Uhoraho Imana yawe ndi kumwe nawe ah'uzoja hose” Yosuwu 1 :9.

“Kand' ehe raba ndi kumwe na we, nzokuzigama ah'uzoja hose, kandi nzokugarukana mu' iki gihugu ; kuko ntazokureka ntarakora ivyo nkubariye” Itanguriro 28 :15.

“Ehe ngira ntume umumalayika imbere yanyu, abazigame mu nzira, abashikane aho nateguye” Kuvayo 23 :20.

“Arikw iyo nimwaharonderera Uhoraho Imana yanyu, mukamurondeza imitima yanyu yose n'ubugingo bwanyu bwose, muzomubona” Gusubira mu Vyagezwe 4 :29.

“Ati Mpamagara, nanje ndakwitaba, nkwereke ibihambaye n'ivyikinze, ivy' utaribwamenye” Yeremiya 33 :3.

“Umwonga wose uzokuzuzwa, n'umusozo wose n'akarambi bizoringanizwa ; ahār' udutumba hazotega, uduhogoro ducike ikiyaya. Maz' ubwiza bw' Uhoraho buzohishurwa, kand' abafise umubiri bose bazobubonera rimwe, kukw akanwa k'Uhoraho ari ko kabivuze” Yesaya 40 :4, 5.

“Nzokwigisha nkwereke inzira ucamwo, Nzokugira inama, ijisho ryanje rizokugumako” Zaburi 32 :8.

“Uhoraho ni we azokuja imbere ; azobana nawe, ntazoguheba, ntazoguta ; ntutinye, nturanduke umutima” Gusubira mu Vyagezwe 31 :8.

“Umuntu yubaha Uhoraho ni nde ? Azomurangira inzira akwiye guhitamwo” Zaburi 25 :12.

“Wizigize Uhoraho umutima wawe wose, kandi ntiwishimikize ubwenge bw'iwawe : Umumenye mu ngendo zawe zose, Na we azogorora inzira zawe” Imigani 3 :5, 6.

“Ugahebera umushonji ivyo wari kurya, ugahāza impahazwa : umuco wawe uzorasira mu mwiza, kand' umwiza wawe uzohinduka nko ku murango w'amashōka, kandi jewe Uhoraho nzokwama nkurōngōra, nzohāza ubugingo bwawe mu gihe c'ikigatwa, nguhe kunonoka mu magufa yawe ; kand'uzomera nk'indimiro ikwegewemw'uruzi, kand'uzoba nk'isōko y'amazi adakama” Yesaya 58 :10, 11.

“Maze batarampamagara nzobitaba, kandi bakivuga nzobumva” Yesaya 65 :24.

Amasezerano yo guhindura umutima

“Kandi nzobaha umutima wo kummenya yuko nd’ Uhoraho : bazoba abantu banje, nanje nzoba Imana yabo, kuko bazongarukanak’ umutima wabo wose” Yeremiya 24 :7.

“Kand’ Uhoraho Imana yanyu azokūrah’ ukudakebwa kwo mu mitima yanyu, nukwo mu mitima y’uruvyaro rwanyu, kugira ngo mumukundishe imitima yanyu yose, n’ubugingo bwanyu bwose, mubone kubaho” Gusubira mu Vyagezwe 30 :6.

“Kandi nzobaha umutima musha, mbashiremwe’ impwemu nsha ; nzokūra umutima ukomantaye nk’ibuye mu mibiri yanyu, mbahe umutima woroshe nk’inyama” Ezekiyeli 36 :26.

“Kand’ ico nizigiye ntakekeranya, n’uk’ uwatanguye igikorwa ciza muri mwebwe azogiheraheza gushitsa ku musi wa Yesu Kristo” Abifilipi 1 :6.

“Nuko rer’ umuntu wese iy’ari muri Kristo, aba ar’ icaremwe gisha : ivya kera biba bihise, vyose biba bicitse bisha” 2 Ab’i Korinto 5 :17.

“Nabambanywe na Kristo ariko ndiho ; yamara si jewe nkiriho, ni Kristo arihomuri jewe. Ivyo nkora vyose nkiriho mu mubiri mbikoreshwa no kwizera Umwana w’Imana yankunze, akanyigura” Ab’i Galatiya 2 :20.

“Kand’ Imana Nyen’ amahoro ibe ariyo ibeza rwose : kand’impwemu yanyu n’ubugingo bwanyu n’umubiri vyose hamwe bizigamwe, ngo bize bisangwe bitagira umugayo, ah’Umwami wacu Yesu Kristo azozira. Ībahamagara n’iyo kwizigirwa ; no kubikora izobikora” 1 Ab’i Tesalonike 5 :23, 24.

Amasezerano y’imbabazi

“Maz’ abantu banje bitirirwa izina ryanje ni bicisha bugufi bagasenga barondera mu nyonga hanje, bagahindikira bakareka ingeso zabo mbi, nuko nanje nzokwumva ndi mw ijuru, mparire ivyaha vyabo, nkize n’igihugu cabo” 2 Ngoma 7 :14.

“Kuko wewe Mwami uri mwiza, ugabirije guharira, Kandi wuzuye imbabazi ku bakwambaza bose” Zaburi 86 :5.

“Kandi ni mwahagarara musenga, ni haba har’ico mupfa n’uwundi, mukimuharire, ngo So wo mw ijuru na we abaharire ivyaha vyanyu” Mariko 11 :25.

“Mugiriranire neza, mugirirane imbabazi, muharirane, nk’ukw Imana nayo yabahariye muri Kristo” Abanyefeso 4 :32.

“Ni twatura ivyaha vyacu, ni yo yo kwizigirwa kand’ igororoka, ivyo ni vyo bituma iduharira ivyaha vyacu, ikatwoza ukugabitanya kwose” 1 Yohana 1 :9.

“Enda ni muze, twitātūre, ni k’Uhoraho agize ; nah’ ivyaha vyanyu vyotukura tukutuku, bizokwera derere nka shelegi ; naho vyotukura nk’agahama, bizohinduka nk’ubwoya bw’intama y’umwero” Yesaya 1 :18.

“Jewe, ni jewe nyene nsibanganya ibicumuro vyawe kubwanje, kand’ ivyaha vyawe sinzovyibuka ukundi” Yesaya 43 :25.

“Kandi ntibazoba bacigishanya, ng’umuntu wese yigishe mugenzi we, canke ngo yigishe uwo bavukana, ati Menya Uhoraho ; kuko bose bazonyimenyera, uherye kuri nyarucari ugashika k’ūhambaye, ni jewe Uhoraho mbivuze ; kuko nzoharira ukugabitanya kwabo, kand’ icaha cabo sinzocibuka ukundi” Yereimiya 31 :34.

“Muri we ni ho duhērwa gucungurwa n’amaraso yiwe, ni kwo guharirwa ibicumuro vyacu, nk’ukw itunga ry’ubuntu bwayo riri” Abanyefeso 1 :7.

Amasezerano y’intsinzi ku caha

“Kukw icavyawe n’Imana cose kinesha isi ; iyi ni yo ntsinzi yacu yatsinze isi, n’ukwizera kwacu” 1 Yohana 5 :4.

“Ariko mur’ivyo vyose turashishwaho kunesha n’uwadukunze” Abaroma 8 :37.

“Arikw Imana ishimwe, iduha gutsinda kubw’ Umwami wacu Yesu Kristo” 1 Ab’ i Korinto 15 :57.

“Ntutinye, kuko ndi kumwe na we ; ntukihebure, kuko nd’ Imana yawe : nzogukomeza, nzogutabara, mbere nzokuramira n’ukuboko kw’i buryo kw’ukugororoka kwanje” Yesaya 41 :10.

“Kandi hamwe n’ivyo vyose mwābire inkinzo y’ukwizera, ni yo muzoshoboza kuzimisha imyampi ya wa Mubi yose yaka umuriro” Abanyefeso 6 :16.

“Nabambanywe na Kristo, ariko ndiho ; yamara si jewe nkiriho, ni Kristo muri jewe. Ivyo nkora vyose nkiriho mu mubiri mbikoreshwa no kwizera Umwana w’Imana yankunze, akanyigura” Ab’i Galatiya 2 :20.

“Kukw Imana ariyo ikorera mu mitima yanyu, ikabaha gukunda no gukora ibiyihimbara” Ab’i Filipi 2 :13.

“Ndavuga nti Mugendeshwe na Mpwemu, ni ho mutazoshitsa ivy’ akameremere kanyu kifuza” Ab’i Galatiya 5 :16.

“Imana nyen’amahoro izofyonyorera Satani vuba musu y’ibirenge vyanyu. Ubuntu bw’Umwami wacu Yesu Kristo bubane namwe. Amen” Abaroma 16 :20.

“Ntimushushanywe n’ivy’iki gihe, yamara muhinduke rwose, mugize imitima misha, kugira ngo mumenye neza ivy’ Imana igomba, ni vyo vyiza bishimwa, bitunganye rwose” Abaroma 12 :2.

“Ntimugakunde isi, cank’ibiri mu isi. Umuntu niyakunda isi, ugukunda Data wa twese ntikuzoba kuri muri we” 1 Yohana 2 :15.

Amasezerano yo gukiza indwara

“Arababarira, ati Nimwagira umwete wo kwumvira Uhoraho Imana yanyu, mugakora ibitunganye mu nyonga ziwe, mukwumvira ivyagezwe vyawe, mukitondera ivyo yihanikirije vyose, ngo Nta ndwara azobateza nk’izo yateje Abanyegiputa ; ngo Kukw ari we Uhoraho, abakiza indwara” Kuvayo 15 :26.

“Ibihindizo vyawe bizoba ivyuma n’imiringa, Kand’ ukw imisi yawe ingana, ni kw inkomezi zawe zizongana” Gusubira mu Vyagezwe 33 :25.

“Mutima wanjye, himbaza Uhoraho ; ntiwibagire ivyiza yakugiriye vyose. Ni we aharira ibigabitanyo vyawe vyose, Agakiza indwara zawe zose, Agacungura ubugingo bwawe ngo ntibuje mu mahonero, Akakwambika imbabazi no kugirirwa neza nk’igitsibo, Agahaza ubukambwe bwawe ivyiza, Agatuma usubira mu busore busha bumeze nk’ubw’inkukuma” Zaburi 103 :2-5.

“Ntukiyite umunyabwenge wewe ubwawe ; Utinye Uhoraho uve mu bibi : Ivyo bizogutera kunonoka mu mubiri, no kugira umusokoro mu magufa yawe” Imigani 3 :7, 8.

“Yarakēngērwa, agahurwa n’abantu, yar’ umunyamibabaro, yarazi intimba ic’ari co, yakengerwa nk’umuntu abandi bahisha mu maso habo, natwe ntaco twamwibajijeko. N’ukuri n’izacu ntimba yishizeko, n’iyacu mibabaro yikoreye ; ariko tweho twamwiyumviriyeye nk’uwakubiswe, nk’uwacumiswe n’Imana, akicurikirizwa n’akabonge. Yamara yacumitiwe ivyacu bicumuro, yajanjaguriwe ivyacu bigabitanyo : igihano kituronkesha amahoro cabaye kuri we, kand’imishishagu yiwe ni yo idukiza” Yesaya 53 :3-5.

“Mvūra, Uhoraho we, nanje ndakira ; undokore, nanje ndarokoka : kukw ari wewe shimwe ryanje” Yeremiya 17 :14.

“Ariko nzosubira kugukomeza, nzogukiza ibikomere vyawe, ni jewe Uhoraho mbivuze ; kuko bakwise uwirukanywe, bati Ni Siyoni hatagifise uhababara” Yeremiya 30 :17.

“Nti Rāba nzohazanira gukira no kuvugwa, kandi nzobavura ; nzobahishurira amahoro be n’ukuri vy’isinzi” Yeremiya 33 :6.

“Ariko mweho abubaha izina ryanje izuba ry’ubugororotsi rizobarasira, rifise ugukiza mu mababa yaryo. Maze muzosohoka mukina amatavu nk’inyana zivuye mu ruhongore” Malaki 4 :2.

“Muri mwebwe namba harih’urwaye, natumekw abashingantahe b’ishengero, baze kumusengera, bamusige amavuta ya elayo mw izina ry’Umwami wacu. Kand’ ugusenga gufatanije n’ukwizera kuzokiza umurwayi, Umwami azomuvyura : kand’ asanzwe yakoze ivyaha azobiharirwa” Yakobo 5 :14, 15.

Amasezerano yo guhabwa inkomezi zo kurangura Ishaka ry’Imana

“Nico gituma tutihebura ; ariko, nah’ umuntu wacu wo ku rukoba arikw arabora, umuntu wacu w’imbere yama ahinduka musha uko bukeye. Kukw amarushwa yacu ahwahutse y’akanya ka none yiyongeraniye cane kudushikiriza ubwiza buremereye bw’ibihe bidashira. Natwe ntituraba ku biboneka, ariko turaba ku bitaboneka : kukw ibiboneka ar’ ivy’ igihe gito, arikw ibitaboneka bikaba ivy ibihe bidashira” 2 Ab’i Korinto 4 :16-18.

“Twame dukora ivyiza, ntiducobogore, kukw igihe ni cashika tuzokwimbura, ni tutarambirwa.” Ab’I Galatiya 6 :9.

“Nshobozwa vyose n’ūmpa inkomezi” Ab’i Filipi 4 :13.

“Kukw Imana ari yo ikorera mu mitima yanyu, ikabaha gukunda no gukora ibiyihimbara” Ab’i Filipi 2 :13.

“Arambarira, at’Ubuntu bwanje buraguhagije ; kuk’ ubushobozi bwanje buhingurirwa mu ntege nke. Nuko canecane nzonezererwa kwirata intege nke zanje, ng’ ubushobozi bwa Kristo bunzeke” 2 Ab’i Korinto 12 :9.

Amasezerano yo kuba Ivyabona vy’Imana

“Mwoye gutinya canke guhagarika umutima : kera sinabibabariye nkabiserura ? Namwe mur’ ivyabona vyo kunshingira intahe. Har’ iyindi Mana atari jewe? Mbere nta kindi gitandara kiriho: jewe nta co nzi” Yesaya 44:8.

“Haguruka ukayangane, kuk’umuco wawe ushitse, kand’ ubwiza bw’Uhoraho bukaba bukurasiye” Yesaya 60:1.

“Arikw ivyo vyose biva ku Mana, yatwiyujije kubwa Kristo, ikaduha igikorwa co kugabura umwuzuzo” 2 Ab’i Korinto 5:18.

“Arik’ Uhoraho arambarira, ati Nta co uvuga, ngo Ndacari muto; kuk’uwo nzogutumako wese ari we uzojako, kand’ ico nzokubarira cose akaba ari co ukwiye kuvuga” Yereimiya 1:7.

“Ariko muzohabwa ubushobozi, Mpwemu Yera ni yabazako, muzoba ivyabona vyo kunshingira intahe i Yerusalemu, n’ i Yudaya hose, n’ i Samariya, no gushitsa ku mpera y’isi” Ivyakozwe n’Intumwa 1:8.

“Ariko mweho mur’ ubwoko bwatoranijwe, mukoranije kuba abami n’abaherezi, mur’ ihanga ryera, abantu bashiriweho kuba inyegu yiharije, kugira ngo mukwize ishimwe ry’Iyabahamagaye, ikabakura mu mwiza, ikabashitsa mu muco wayo utangaje” 1 Petero 2:9.

“Ariko mwubahe Kristo mu mitima yanyu kw’ari we Mwami, muhore mwiteguye kwishura umuntu wese ababajije inyanduruko y’ivyizigiro biri muri mwebwe, ariko muri n’ubugwaneza, mutinya” 1 Petero 3:15.

ISABATO Y'UMUNEZERO

Igenekerezo rya 15 Nzero 2022

Mutegekanye Isabato ya nyuma muri ino misi cumi yo gusenga kuba umusi wo kunezerwa duhimbaza ukugira neza kw'Imana hamwe n'ubushobozi bwayo. Sabikanya n'abandi ukuntu wabayeho mu bushobozi bw'isengesho n'inkuru nziza y'ubutumwa bwiza butazoshira mu misi cumi iheze. Munezererwe ivyo Imana yakoze, ivyo iriko irakora hamwe n'ivyo izokora.

Ivyankenerwa kuri buri koraniro vyose si bimwe. Niyo mpamvu mwokorana n'abarongozi banyu aho muherereye mugashiraho integuro nziza kuri buri shengero. Ngibi ivyo mushobora kwongera mu nteguro yo gusenga kw'Isabato ya nyuma.

Icivugo : Umuhamagaru w'abamalayika batatu wo gusenga

Umurongo w'icivugo : "Mbona umumalayika wundi aguruka yatiriye ijuru afise ubutumwa bwiza butazoshira bwo kubarira ababa kw'isi, n'amahanga yose, n'imiryango yose, n'indimi zose n'amoko yose" (Ivyahishuwe 14 : 6).

Urutonde rw'indirimo mwohitamwo :

Mwami mpumugisha wawe 22 ; Gihe ciza co gusenga 89 ; Dushim'Imana 27; Ndakugomba Mukiza we 98.

Ivyiyumviro vyo mu Kibwirizwa: Kw'isabato ya Nyuma

Musabe Pasitori, umuzezwashengero, canke uwuyoboye amasengesho ashikirize Insiguro ngufi ivuga ingene ubutumwa bw'abamalayikja batatu buduhamagarira gusenga no kwikangura muri ino misi ya nyuma. Igisomwa co muri Bibiliya: Ivyahishuwe 14: 6-12

[CANKE]

Saba abantu babanye namwe muri ino misi cumi yo gusenga bavuge bakurakuranwa mu ncamake (hagati y'umunota 1 n'iminota 2) buri cigwa mwize muri ino misi yose icumi. Bavuge umutwe, isomo ry'ishimikiro hamwe n'icyumviro nyamukuru carimwo. (Mutegure kuburyo izo ncamake ata n'imwe yoteba, ngo irenze hagati y'umunota 1 n'iminota 2. Ku bantu benshi, umuntu avuze umunota 1 aba avuze hagati y'amajambo ari hagati ya 125-150.)

[CANKE]

Musabe abasore batatu bategure insiguro y'iminota 5 umw'umwe wese, yerekeye ingene ubutumwa bw'abamalayika buduhamagarira gusenga no kwikangura imbere yuko Yesu

agaruka. Abakiri bato barashobora no gufasha biciye mu ndirimbo canke mugushikiriza ibishingantahe.

Ibindi vyiyumviro vyoba mu nteguro

Ibishingantahe vy'amasengesho y'abizera yishuwe

Umwanya wo gusengera mu mirwi mito mito

Amatangazo y'ibikorwa vyo gusenga bikurikira canke ibikorwa bitegekanijwe

Inkuru y'abana ivuga ivyerekeye isengesho

Indirimbo zidasanzwe zatoranijwe/Igiteramo c'indirimbo.

Imitwaro yo gusengera yo ku rwego rw'isi yose

1. Mana turakwinginze, reka ikangura rikomeye ry'ukugororoka kwa mbere rishike mw'ishengero ryawe muri iyi misi ya nyuma. Dushobore guhagararira ukuri naho ijuru ryokoroka.
2. Turasengeye umwidegemvyo wo kwemera n'umwidegemvyo w'umutimana mw'isi yose. Mwami turakwinginze ngo wugurure inzugi ijambo ryawe ritangazwe hose.
3. Mana, turasavye ishengero ryawe kw'isi yose ryemere umuhamagararo wagutse wo gutangaza ubutumwa bw'abamalayika batatu muri buri hanga no kuri buri rurimi. Twereke ingene izo nyigisho zose twozitumbereza ku rukundo no ku kugororoka kwa Kristo.
4. Mana turasavye Abadivantiste bo mw'isi yose bavuge ngo "Ndagenda" kandi bitabe umuhamagararo wo kugukorera no gukwiza inkuru nziza y'agakiza.
5. Turasengeye ubwenge bwo gucukumbura, gutahura no kuyoboka Bibiliya Yera y'Imana. Twigishe uburyo bwo gushira mu mirwi neza amajambo y'ukuri no kuyasabikanya n'abandi.
6. Mana turakwinginze uvugurure muri twe uguha agaciro inyigisho z'ijuru dusanga mu nyandiko zahumetswe za Ellen White.
7. Turasenze ngo imvura y'urushana ya Mpwemu Yera ikomeze igishingantahe cacu kandi bidushoboze kurangiza igikorwa Imana yaduhaye imbere yuko Yesu agaruka.
8. Mana, turasavye ugukira hamwe n'ikigongwe cawe mu turere twakozweko cane na COVID- 19.

9. Turasenze kugira ngo abahinga mu vy'amagara y'abantu, abahinga mu bushakashatsi, abakuru b'ibihugu, n'abajewe amagara y'abanyagihugu baronke ubwenge ku ngingo nyinshi bategerezwa gufata.
10. Turasavye ngo Abadiventiste bo mw'isi yose batange imfashanyo iboneka hamwe n'indemesho kuri abo bariko barababazwa. Dutere umwete, wo gutanguza ibintu bishasha n'umutima wo kwitangira abandi mu gihe ababanyi bacu badukeneye cane.
11. Turasengeye abo bose ubutunzi bwabo bwahungabanye kubwo gutakaza akazi canke ivyo bakora vyahagaze.
12. Mana turakwinginze, ereka abizera ingene bofasha abugarijwe n'ingorane z'ubugwayi bwo mu mutwe canke bugaranywe ku buryo bataja aho abandi bari.
13. Turasenze kugira ngo abapasitori hamwe n'amashengero aronke uburyo bwo kuguma mumushikirano n'abizera mu gihe amashengero henshi yugaye. Mana turakwinginze ushire ishengero ryawe hamwe mu guhimbaza no mu gikorwa.
14. Turasengeye ikangura mu vya Mpwemu mu rwaruka rw'abadevantiste b'umusi w'indwi biga mu bigo vy'amashure yisumbuye na Kaminuza mw'isi yose kugira ngo babe abaserukizi ba Kristo badasanze.
15. Turasengeye ibice 69% vy'abantu baba kw'isi batarabwirwa Yesu mu buryo buboneka.
16. Dusengere abantu bashika imiliyoni mirongo itandatu na zibiri (62 millions) bakwiragiye mu bisagara 28 vyo mu gihugu cahoze citwa Ubwiyunge bw'Ubusoviyete [Union de la Republique Socialiste et Sovietique] (Diviziyo ya Ero-Aziya).
17. Dusenge Imana ngo ihagurutse abamisiyonari b'umwete bokwipfuzwa gukorera mu mirwi y'abantu ishika 746 mu bihugu 20 vyo mu Buseruko bwo Hagati (Moyen Orient).
18. Dusenge Imana ngo ihagurutse isinzi ry'Abadventiste b'Umusi w'Indwi bazokorera Imana mu gukunda abandi kandi basabikanya n'abandi bantu ivy'Imana bava mu yandi madini n'iyindi mico n'imigenzo.
19. Mana, turakwinginze ngo uhagurutse abandi banyeshure b'Abawalidensi bo muri kino gihe cacu bipfuzwa gukorera mu bibanza bigoye.
20. Dusengeye imiliyoni 202 z'abantu baba mu bisagara 41 biherutse kwinjirwamwo bo muri Diviziyo ya Aziya y'Ubumanuko hamwe n'Ibahari Pasifike kugira ngo bamenye Yesu.
21. Dusengeye igisata c'Ishure ry'Isabato/Igikorwa ca buri mwizera wese muri buri shengero ry'intango mu gihe bariko bararondera integuro y'Imana kandi bashikira

- ikibano cabo biciye mu bikorwa vy'urukundo, kwiga Bibiliya, hamwe n'ibishingantahe vya buri muntu.
22. Dusengere ishira hamwe ry'Ishengero ry'Abadventiste b'Umusi w'Indwi ryitwa ADRA kugira ngo bashobore guhuza n'ivya nkenerwa nyavyo hirya no hino kw'isi.
 23. Dusengere imiliyoni 16 z'abantu baba mu bisagara 6 biherutse kwinjirwamwo bo muri Diviziyo ya Pacifike y'Ubumanuko.
 24. Dusenge dusaba Mpwemu Yera kugira ngo idufashe kumenya uburyo twoshikira imiliyoni 406 z'abantu baba mu bisagara 105 biherutswe kwinjirwamwo muri Diviziyo y'Uburaruko bwa Aziya n'ibahari Pasifike.
 25. Turakwinginga ngo uhezagire igisata co kuvuga ubutumwa mu bigo binini binini mu gihe kirondera abagikoramwo hamwe n'abizera bashaka kuja gukorera mubafunzwe.
 26. Uhoraho, turasengeye abigisha b'Ishure ry'Isabato. Turakwinginze ngo bamenye uburyo igikorwa cabo gihambaye cane ku bana bacu.
 27. Uhoraho, turakeneye inama zawe mu bibanza vyinshi vy'ubwaku, integuro mu vy'ubuvuzi no mu vy'imiryango hamwe na JA mw'isi yose.
 28. Turasenze ngo udufashe gukunda, kurera no kwigisha abizera bashasha hamwe n'abashitsi mw'ishengero.
 29. Uhoraho, turakwinginze ngo utwereke uburyo tworungika ibitabo vyinshi (Vyanditse ku mpapuro canke ku buhinga ngurukanabumenyi) vyuzuyemwo ukuri kwawe mu batuzengurutse. Turagusavye ngo abantu baze babisome kandi Mpwemu Yera azobemeze ukuri kwa Bibiliya.
 30. Uhoraho, turagusavye uburinzi bwawe ku Bamisiyonari bakorera mu bibanza biteye ubwoba.
 31. Turakwinginze ngo uhagurutse abavugisha ubutumwa ibitabo, abakorana bushake b'abanyeshure, abanditsi, abahinga bo kumenyesha amakuru hamwe n'abashigikira mu vy'ubutunzi kugira ngo bamamaze amajambo y'ivyizigiro hamwe n'ubuzima.
 32. Dusengeye amashure y'Abadventiste, abanyeshure hamwe n'abigisha bari mw'isi yose. Ano mashure azokwame igihe cose yigisha ukuri kwa Bibiliya kandi arongorere abo bakiri bato bayigamwo mu gikorwa c'Ubumisiyonari hamwe n'ibindi bikorwa.
 33. Uhoraho, uduhe ubushishozi bwo gushikira imico mishasha abayirimwo batita mu vy'idini. Niwemerere Mpwemu Yera kubomora impome zubatswe ku mitima y'abo bantu.

34. Uduhezagire mugihe dushikira abantu bagizwe imbata n'impwemu mbi, ibigirwamana hamwe n'ivyizerwa bipfuye. Udufashe gutahura uburyo babonamwo isi hanyuma dushobore kubinjizamo ivy'Umukiza wa buri muntu.
35. Uhoraho, turakwinginze ngo uhishurire abizera b'Abadventiste b'Umusi w'Indwi bari mw'isi yose ngo bagusenge kurusha uko bigeze kugusenga muri kahise. Twigishe kwishuzwa amasezerano maze turindire ko ukuraho imisozi mu gihe dusenga.
36. Dusengere imirwi y'abantu ishika 541 baba mu bihugu 18 vyo muri Diviziyo y'Ubumanuko bwa Afrika hamwe n'Ibahari Indiyano. Turakwinginze ngo ubarongorere mu kuri kwa Bibiliya.
37. Twereke ingene twokwishura ku bukene mu vy'umubiri no mu vy'impwemu mugufasha impunzi. Ishengero ryacu rimenyekane kubw'urukundo rutavangura, tutitaye kuko abantu bari hamwe n'iyi bava.
38. Turagusavye ngo uhagurutse abamisiyonari bo gukorera mu bisagara ngo batanguze amashengero mu mirwi y'abantu ishika 806 iri mu bihugu 20 vyo muri Diviziyo y'Uburayi (Division Inter-Européenne).
39. Turakwinginze ngo uhagurutse ingabo z'abakozi bo gukorera mu mirwi y'abantu ishika 948 iri mu bihugu 38 vyo muri Diviziyo ya Amerika (Division Inter-Americaine).
40. Turakwinginze ngo utwigishe uburyo bwo kwamamaza ivyizerwa shingiro vyacu mu buryo bwumvikana, bushasha kandi buhuza n'ukuri kwa Bibiliya. Urukundo rwa Yesu rube intimatima ku kintu icyo cose twizera.
41. Uhoraho, turakwinginze ngo utegure abakiri bato bo gushinga amashengero mu mirwi y'abantu ishika 789 bo mu bihugu 9 vyo muri Diviziyo ya Amerika y'Uburaruko.
42. Turagusavye ngo utegure abakoranabushake bo gukora mu mirwi y'abantu 70 bari mu gihugu ca Isirayeli.
43. Turagusavye ngo uhagurutse Abamisiyonari b'Abaganga ngo baze gushinga amashengero mu mirwi 830 y'abantu bari mu bihugu 11 bigize Diviziyo ya Afrika yo Hagati n'Uburengerero.
44. Turagusavye ngo uhagurutse abarwanisha amashengesho kugira ngo basabire imirwi y'abantu 2.568 iri mu bihugu 4 vyo muri Diviziyo y'Umumanuko bwa Aziya.
45. Turakwinginze ngo imiryango yacu igaragaze urukundo rwawe mu ngo zacu hamwe no mu kibano. Turagusavye ngo uzane ukwumvikana no guhuza mu ngo zacu, wunge kandi ukize imigenderanire yononekaye, ukingire abanyantegenke ngo ntibakorere

- amabi, kandi werekane ubushobozi bwawe bweza mu bihe bisa naho ivyizigiro biriko birayoyoka.
46. Turagusavye uhagurutse Abaforoma hamwe n'Abaganga ngo bashinge amashengero mashasha mu mirwi y'abantu ishika 1.978 iri mu bihugu 22 bigize Diviziyo ya Afrika yo Hagati n'Uburengero.
 47. Dusengeye abantu bashika imiliyoni 49 baba mu bisagara 19 biheruka kwinjirwamwo n'ubutumwa bw'Abadventiste b'Umusi w'Indwi bo muri Diviziyo y'Uburayi (Division Trans-Europeenne.)
 48. Dusengeye abana bacu. Turakwinginze ngo ubahe ububasha bwo kuguhagararira igihe bahuye n'intambanyi hamwe n'ibibaremera. Bafashe guhitamwo n'ubushishozi bahawe na we kandi bahagararire ukuri.
 49. Twigishe gukurikiza akarorero ka Yesu ko kwiyanka mu gihe duhura n'ivyo abantu batwegereye bakeneye buri musu. Udufashe gukora nk'abaganga b'abamisiyonari, abakoranabushake kandi abagenzi baba ntahonikora.
 50. Uhoraho, ivugurura riva mw'ijuru rikubure ishengero ryawe muri ino misi ya nyuma. Udushoboze guhagararira ukuri naho amajuru yogwa.
 51. Dusengere abarongozi b'urwaruka mw'isi yose bariko bararangurana ubwizigirwa ibikorwa bajewe: kamere ya Kristo, inshingano y'Ishengero ry'Abadventiste b'Umusi w'Indwi, hamwe n'uburongozi mw'Ishengero ry'intango.
 52. Dusengere abasore bariko barabaho nabi cane kubwa Kristo biciye mu nteguro: umwaka umwe mu gikorwa (One Year in Mission) hamwe n'igikorwa ca Kalebu (Mission Caleb).
 53. Shoboza abizera bacu, abapasitori, abarongozi mw'isi yose gufungura ijamba ryawe ku musu ku musu. Dushoboze kukurondera ku musu ku musu biciye mw'isengesho ry'umuntu ku giti ciwe. Twibutse ko tutagufise ataco twokwishoboza.

IVYEREKEYE UMWANDITSI

Uwagize uruhara ruhambaye mu ndongozi y'amasengesho 2022 ni Dr Mark Finley. N'umukukuruke yahora akarihiriza abantu ubwenge akaba n'umuyobozi wa Handitswe ngo, akongera kandi akaba yagiye mu karuhuko k'iza bukuru ari icegera c'umuyobozi wa Conferanse Generale. Aracakora nk'umuvugabutumwa, kandi yayoboye amavugabutumwa 15 mu bihugu birenga 80, yongera ayobora n'ibiganiro bise NET bishika 17 vyashitse kw'isi yose. Kenshi yama yashikirije ivyigwa mu bihe vy'umwihereho, ku mashure n'ibigo bitegura amavugabutumwa. Yaranditse ibitabo birenga 70 hamwe n'izindi nyandiko, cane cane

indongozi yo kwiga bibiliya, ibinyamakuru hamwe n'ibikoresho vyo mu mavugabutumwa. Wewe hamwe n'umugore wiwe Ernestine "Teenie" bafise abana batatu bakuze: Deborah, Rebecca na Mark, Jr. Uyu musi Pasitori Finley na Teenie babandaniriza igikorwa cabo muri "Living Hope School of Evangelism Training Center i Haymarket, muri Virginie.

UMUSI WA 1

Igenekerezo rya 05 Nzero 2022

ISENGESHO RIRAKENEWE MU BURYO BWIHUTIRWA CANE

"Mbega so wo mw'ijuru ntazorushiriza guha Mpwemu Yera abamumusavye!"-Luka 11:13

Igikorwa giteranye ubwoba

Abantu batuye isi bariyongera kurugero runini cane. Ibiharuro vya nyuma vyerekana ko isi yacu iriko abantu bangana na Miliyari indwi n'ibice umunana (7,8 Billiards), barundaniye kuri uyu mubumbe uzunguruka witwa isi mu gihe yiyunguruzwa mu kirere ku muvuduko wa kiro metero 67000 kw'isaha. Hamwe n'abana bababa 385000 bavuka buri musi, ni kuvuga hafi imiliyoni 140 buri mwaka, turibaza ingene tuzoshobora gushikira isi yose ngo tuyibwire inkuru nziza y'ubutumwa bwiza hamwe n'ukugaruka kwa Kristo kwegereje.

Buri mwaka, abantu bavuka bangana n'abizera b'abadevantiste b'umusi w'indwi dufise uyu musi ubagwijije incuro indwi. Canke ikibazo tukirabe mu bundi buryo. Ibisagara vyo mw'isi bikura ku muvuduko munini cane. Hari nibura ibisagara 548 bifise abantu kuva ku miliyoni kuduga. Vyinshi muri ivyo bisagara biri mu bihugu usanga Ishengero ry'Abadevantiste b'Umusi w'Indwi ridakomeye cane. Igikorwa kigoye cane co gushikira iyi si tuyishikiriza ubutumwa bw'abamalayika batatu kiri imbere yacu. Amamiliyoni y'abantu ariko arapfa atagira Kristo kandi ataramenya inkuru nziza y'agakiza hamwe n'icizigiro co kugaruka kwa Yesu. Igikorwa kiturindiriye rimwe na rimwe gisa n'aho kidashoboka-kandi ivyo vyategerezwa gutuma tuja ku mavi tugasenga mu buryo bushimitse.

Kubw'ubushobozi bwa Mpwemu Yera

Ntakigoro na kamwe k'umwana w'umuntu gahagije kugira ngo dushikane isi kuri Kristo. Integuro z'abantu nta bushobozi zifise mu gihe zidashigikiwe na Mpwemu Yera. Ni kubw'ubushobozi bwa Mpwemu Yera gusa tuzoshobora gushikira isi tukayibwira ubutumwa bw'ijuru bw'igihe ca nyuma. Ni kubw'ubushobozi bwa Mpwemu Yera tuzoshobora gushikira

amamiliyoni y’abantu baba mu bisagara binini vyo kuri iyi si. Ni kubw’ubushobozi bwa Mpwemu Yera tuzoshobora gushikira ibihugu ubutumwa bwiza butarashikamwo kandi bisanzwe bigwanya ubutumwa bwiza. Ni kubw’ubushobozi bwa Mpwemu Yera imigwi y’abantu itandukanye ishobora gushikirwa n’ubutumwa bwiza. Kandi inkuru nziza itangaje n’uko Imana iriko irakorera muri ivyo bibanza “bigoye gushikira.” Iturarikira kuyirondera kugira ngo iduhe ubushobozi bwo kurangura igikorwa kiturindiriye.

Mbega ntazorushiriza?

Yesu avuga ati: “Namba mwebwe muzi guha ingabire nziza abana banyu musanzwe muri babi, mbega so wo mw’ijuru ntazorushiriza guha Mpwemu Yera abamumusavye” (Luka 11 :13). Raba aya majambo “ntazorushiriza” muri iki gisomwa. Yesu ashaka gukora ibirushirije kuri umwe wese muri twebwe hamwe no kw’ishengero ryiwe kuruta uko twavyiyumvira. Atwinginga ngo dusabe Mpwemu Yera, ngo twinginge, turondere umuhezagiro wa Mpwemu Yera n’umutima wacu wose, atar’uko adashaka kumuduha, ariko kuberako tutiteguye kumwakira. Mu gihe dutanguye iyi misi cumi yo gusenga muri uyu mwaka, ni muze twishurize hamwe iri sezerano.

“Isezerano rya Mpwemu Yera ntiryagenewe abantu b’imyaka runaka canke ubwoko bunaka. Kristo yavuzeko ubushobozi bwa Mpwemu wiwe buzoba kubigishwa biwe gushika ku muhero w’isi. Kuva ku musi wa Pentekoti gushika uyu musi, Umuhiza yararungikiye abo bose biyeguriye Kristo mu buryo bwuzuye kandi bakiyegurira igikorwa ciwe” (Ivyakozwe n’intumwa, p.49 mu congereza).

Dusengere hamwe

Umwanya w’isengesho (iminota 30-45)

Igishingantahe co mu misi cumi yo gusenga 2021.

“Ndashima iyi misi cumi yo gusenga. Ndumva ko umuriro watse muri jewe. Mara umwanya munini nsoma Bibiliya kandi ndi kumwe n’Umwami ...Ndashima kandi mpimbaza Imana kuba yaruguruye amaso yanje, umutima wanje n’ubwenge bwanje kugira ngo nemere Yesu mu buryo bwuzuye kandi nakire Mpwemu Yera mu buzima bwanje.” (Constance)

Isezerano rikomeye

“Kandi ndababwira ukuri yuko babiri muri mwebwe ni bahuza inama mw’isi gusaba ikintu cose, Data wo mw’ijuru azokibakorera. Kukw’aho babiri canke batatu bazoba bakoraniye

mw'izina ryanje, nanje nzoba ndi hagati muri bo” (Matayo 18: 19,20). “Munsabe nanje nzokwishura ibisabo vyanyu” Isezerano ryaratanzwe igisabwa gusa nuko ishengeru riyiyunga mw'isengesho kandi nk'inyishu kuri iryo sengesho dushobora kwitega ubushobozi burengeye ubushobozi butangwa nk'inyishu kw'isengesho ry'umuntu umwe mu mwiherero. Ubushobozi buzatangwa buzovana n'ukuntu abizera biyunze, urukundo bakunda Imana hamwe n'urukundo bakundana hagati yabo” (Ellen G White, Manuscript Releases, Vol.9, p. 303).

Imirwi yose y'amasengesho ifise uburyo butandukanye bwo gusengera hamwe. Turabahimiriza ngo mumare iminota 30-45 ikurikira muri mw'isengesho ry'urunani mu buryo Mpwemu Yera aza kubayoboramwo kubikora. Aha musu muri bubone uturorero tumwe tumwe tw'amasengesho mwishimikije ivyanditswe; murashobora kandi gusenga mwishimikije ibindi bisomwa. Murabe indongozi y'umurongozi kugira ngo mubone ibindi vyiikumviro vy'amasengesho.

Senga ukoresheje ijamba ry'Imana – Luka 11: 13

“Mbega so wo mw'ijuru ntazorushiriza guha Mpwemu Yera abamumusavye!”

“Ntazorushiriza”

Mana, uri mwiza. Undonderera ivyiza, ndetse gusumba uko abavyeyi beza gusumba abandi bobikora. Uranzi ibwina mu mutima wanjye kandi wewe wenyene ni wewe utahura ingene wonsubiza itoto, ukankiza, ukampindura.

“Mpwemu Yera”

Yesu urakoze kubw'isezerano rya Mpwemu Yera. Azana imihezagiro y'Imana mu buzima bwacu. Aguhesha icubahiro mu mitima yacu. Ashira ivyiza vy'agakiza waturonkeje ku musaraba i Kalvali mu buzima bwacu. Urakoze kubw'ako kaganuke.

“Abamumusavye”

Data, ndishuza isezerano ryo muri Luka 11 :13 uyu musu. Buri musu, nzogusaba n'umunezero kwuzuzwa ubuzima bwanjye bwa buri mwanya, ukubaho n'ubushobozi bwa Mpwemu Yera. Ndakwinginze, hanagura mu buzima bwanjye ico cose cari intambanyi zimbuza kukwiyegurira burundu. Mbatiza wongere ubatize ishengeru ryanje utubatishe Mpwemu Yera kugira ngo dushobore guhimbaza Yesu muri iyi si ikeneye Yesu na Mpwemu Yera.

Uturorero twinshi tw'amasengesho mwokwisunga

Amashimwe no guhimbaza: Shimira Imana kubwo imihezagiro muzi yabahaye kandi muyihimbaze kubera ubwiza bwayo.

Kwatura: Fata iminota mikeya kugira ngo mu buryo bw'ibanga waturire Imana kandi uyishimire ikigongwe cayo.

Gusaba inama: Saba Imana ibahe ubwenge bwo guhangana n'ibibazo kandi mumenye ingingo zibereye mwofata mur'iki gihe.

Ishengero ryacu: Sengera ubukene bw'ishengero mu karere no ku rwego rw'isi

Ubukene bw'aho mubaye: Sengera ubukene abizera b'ishengero ryawe ry'intango bafise, ubukene bwo mu muryango wawe ndetse n'ubw'ababanyi bawe.

Umviriza hanyuma wishure: Fata umwanya wo kwumviriza ijwi ry'Imana maze wishure ukoresheje amashimwe canke indirimbo.

Indirimbo ziyumviriwe

Gihe ciza co Gusenga (89); Mpwemu we mufasha (53) Nyinjiramwo Mpwemu Yera (23).

UMUSI WA 2

Igenekerezo rya 06 Nzero 2022

UBUTUMWA BWIZA BUTAZOSHIRA N'ISENGESHO

“Mbona umumalayika wundi aguruka yatiriye ijuru, afise ubutumwa bwiza butazoshira bwo kubarira ababa kw'isi, n'amahanga yose n'imiryango yose n'indimi zose n'amoko yose” Ivyahishuwe 14:6.

Ubutumwa bw'agaciro gahambaye cane

Imana yahaye iyi si yacu ubutumwa bw'agaciro gahambaye cane bwateguriwe iki gihe cacu binyuze mu butumwa bw'abamarayika batatu mu Vyahishuwe 14: 6-12. Igihe yari yirukaniwe kw'izinga Patimos intumwa Yohana yashoboye kudushikiriza ubwo butumwa. Dutegerezwa mu bwitonzi kwitaho ingingo zitatu imbere y'uko twihweza ubutumwa nyezina.

Ubwa mbere, ubu butumwa bwavuye ku Mana. Bwavuye neza na neza ku ntebe y'ubwami y'Imana. Bwanditswe nk'aho bwashikirijwe abantu bikoze n'abamalayika baguruka batiriye ijuru.

Ingingo ya kabiri dushobora kwitaho yerekeye ubwo butumwa nuko umumalayika "aguruka". Ubu butumwa burihutirwa cane. Butegerezwa gutangazwa ubwo nyene ukiburonka ata gutakaza umwanya.

Ubwa gatatu n'ubutumwa butazoshira bwerekeye urunganwe rwose. Ntibisaba imico runaka kugira ngo umurwi w'ubwoko canke w'ururimi ushikirwe. Butegerezwa kubwirwa "amahanga yose, amoko yose, indimi zose n'ababa kw'isi bose."

Intimatima y'ubu butumwa "n'ubutumwa butazohera," canke inkuru nziza y'ubuzima bwo kwitanga bwa Kristo, igikorwa ciwe c'urukundo, urupfu rwiwe rukura icaha, ukuzuka kwiwe gutangaje, igikorwa ciwe c'ubuhiza nk'umuherezi mukuru hamwe rero no kugaruka kwiwe mu cubahiro. Iyerekwaho ry'ubutumwa bwiza butazoshira mu Vyahishuwe 14 ryemeza amajambo ya Yesu yavuye muri Matayo 24: "Kandi ubu butumwa bwiza bw'ubwami buzovugwa mw'isi yose ngo bubere icabona amahanga yose maze umuhera uzoca uza." (Matayo 24: 14). Amajambo ya Kristo n'isezerano ko "ubutumwa bwiza buzokwigishwa mw'isi yose" imbere y'uko agaruka. Hazoba ikanguro rikomeye mu bwoko bw'Imana. Bazotahura igikorwa kibarindiriye, bazobonako bwihutirwa cane kandi buzuye Mpwemu Yera, bazogaragaza urukundo, ubuntu n'ukuri kwa Kristo kw'isi yandujwe n'icaha kandi iriko irapfira mu caha.

Ellen White abivugaga uku: "Imbere y'uko urubanza rwa nyuma rw'Imana rushika kw'isi, hazoba mu bwoko bw'Imana ikangura no gusubira ku bweranda bwa mbere kuruta uko vyigeze kwibonekeza uherye mu gihe c'intumwa. Mpwemu hamwe n'ubushobozi vy'Imana bizosukwa ku bana bayo. Muri icyo gihe, benshi bazokwitandukanya n'ayo mashengero aho ugukunda isi vyirukanye ugukunda Imana hamwe n'ijambo ryayo. Abenshi mu bavugabutumwa hamwe n'abayoboze bayo bazokwemera banezerewe ukwo kuri guhambaye Imana yatumye gutangazwa muri icyo gihe kugira ngo gutegurire abantu ukugaruka kwa Kristo" (Intambara ihambaye, p.464 mu congereza).

Imbere y'uko ubutumwa bw'abamalayika batatu butangarizwa isi yose, ikangura mu vya Mpwemu mu bwoko bw'Imana rizobashoboza gukorana nayo kugira ngo barangize igikorwa cayo.

Dusengere hamwe kugira ngo iryo kangura mu vya Mpwemu rishike mu buzima bwacu bwite, twitegurire ibihe vya nyuma bihambaye vya kahise k’isi.

Umwanya wo gusenga (iminota 30-45)

Igishingantahe co mu misi cumi yo gusenga 2021

“Imisi cumi yo gusenga yanshikanye ku gitangaza co gukira. Ninjijwe ibitaro kubera ingwara yari imfashe giturumbuka imbere y’uko imisi cumi yo gusenga itangura. Nari numva nihebuye cane, wamenga amasengesho yanje ntiyari ahagije kuko nari merewe nabi cane kandi natera ndemba uko umusi urenganye. Nararikiwe gukurikirana imisi cumi yo gusenga ndi ku gitanda canje mu bitaro. Bwari ubwa mbere nja mu nteguro nk’iyo. Mu materaniro yo mw’ijoro twakoreye kurubuga ngurukana bumenyi Zoom, abantu benshi baransengeye kugira ngo nkire. Ndashima Imana kubw’abo bantu bose basenganye umwete mu masengesho yose twagize mu bihe vy’ijoro... Imana yangiriye neza kuko yarantabaye irankiza imbere y’uko n’iyo misi cumi y’amasengesho ihera. N’ubushobozi bwayo bukiza bwankijije. Naragwaye maze irankorako. Vy’ukuri n’isengesho ryishuwe! (Herley)

Dusenge dukoresheje ijamba ry’Imana- Ivyahishuwe 14 :6

“Mbona umumalayika wundi aguruka yatiriye ijuru, afise ubutumwa bwiza butazoshira bwo kubarira ababa kw’isi, n’amahanga yose n’imiryango yose n’indimi zose n’amoko yose.”

“Ubutumwa butazoshira”

Mana, nshoboza imisi yose kwama nshima ubu butumwa bwatanzwe. Mpa umunezero w’agakiza kandi uhindure ubuzima bwanje kugira ngo igihe abandi bambona, babone ubushobozi bw’ubutumwa bwiza buri ku gikorwa kandi bakwegerwe kuri Yesu.

“Ngo bwigishwe ababa kw’isi”

“Kugira ngo twigishe ababa kw’isi”

Data, nipfuzza kubana nawe ubuzima rukristo kugira ngo nshobore gusabikanya iyi nkuru nziza n’abandi mu majambo no mu bikorwa. Nkoresha kugira ngo mbe igishingantahe mu muryango wanjye, mu bagenzi banje, mubo dukorana, mu babanyi banje no mu bantu bose mpora ngirako ubwaku.

“Mu mahanga yose”

Iyi si ishitse ku musozo, kandi ama miliyaridi y’abantu ari mu mwiza. Yesu ndakwinginze umpe akaryo muri iyi ndwi kugira ngo nsabikanye n’umuntu inkuru nziza y’impano yawe y’agakiza. Mpa ubukerebutsi n’ubwenge bwo gushinga intahe imbere y’abantu bo mu bindi bihugu, mu yindi mico no mu yandi moko. Warakoze kuba warahamagaye ikiremwanuntu cose ngo kikwizere.

Uturorero twinshi tw’amasengesho mwokwisunga

Amashimwe no guhimbaza: Shimira Imana kubwo imihezagiro muzi yabahaye kandi muyihimbaze kubera ubwiza bwayo.

Kwatura: Fata iminota mikeya kugira ngo mu buryo bw’ibanga waturire Imana kandi uyishimire ikigongwe cayo.

Gusaba inama: Saba Imana ibahe ubwenge bwo guhangana n’ibibazo kandi mumenye ingingo zibereye mwofata mur’iki gihe.

Ishengero ryacu: Sengera ubukene bw’ishengero mu karere no ku rwego rw’isi

Ubukene bw’aho mubaye: Sengera ubukene abizera b’ishengero ryawe ry’intango bafise, ubukene bwo mu muryango wawe ndetse n’ubw’ababanyi bawe.

Umwiriza hanyuma wishure: Fata umwanya wo kwumviriza ijwi ry’Imana maze wishure ukoresheje amashimwe canke indirimbo

Indirimbo ziyumviriwe

Mpamakuru y’ivyaha Yesu (107); Wewe wera cane (200) Iyo nibuts’umusaraba (99)

UMUSI WA 3

Igenekerezo rya 07 Nzero 2022

IGIKORWA C’IMANA HAMWE N’ISENGESHO IGICE CA 1

“Ariko muzohabwa ubushobozi Mpwemu Yera ni yabazako; muzoba ivyabona vyo kunshingira intahe i Yerusalemu, n’i Yudaya n’i Samariya hose no gushitsa ku mpera y’isi.” - Ivyakozwe n’Intumwa 1 :8

Isezerano ry'igikorwa kidashoboka

Ubutumwa bw'abamalayika batatu n'umuhamagaro wihutirwa ku gikorwa. Igikorwa kiboneka nk'aho kidashoboka co gushikira isi ngo tuyishikirize ubutumwa bwiza gishoboka gusa kubw'ubushobozi bwa Mpwemu Yera. Intambanyi zibonekeza mu gikorwa co mu gihe c'iherezo ni nk'izo ishengero rya mbere ryo mw'isezerano rya kera ryahuye nazo mu gitabo c'Ivyakozwe n'Intumwa. Isezerano rya Mpwemu Yera twarihawe nk'uko nabo barihawe mu vyakozwe n'intumwa 1 :8 “Ariko muzohabwa ubushobozi Mpwemu Yera ni yabazako; muzoba ivyabona vyo kunshingira intahe i Yerusalemu, n'i Yudaya n'i Samaliya hose no gushitsa ku mpera y'isi.”

Biciye mu bushobozi bwa Mpwemu Yera, Ishengero ryo mw'isezerano risha ryaragize ubwaku kw'isi. Abantu ibihumbi vyinshi baremeye Kristo nka Mesiya kandi barabatijwe. Igitabo c'ivyakozwe n'intumwa cerekana imigenderanire yimbitse hagati y'ishengero risenga n'ishengero rishinga intahe ryuzuye Mpwemu. Ivyakozwe n'intumwa 1 :14 havuga ngo: “Abo bose basenga ubudahumeka n'umutima uhuye.” Mu Vyakozwe n'intumwa 2 :42, ngo “Bashishikara cane mu vyo intumwa zigisha, no kugira ubumwe, no kumanyagura imitsima no gusenga.” Ivyakozwe n'intuma 4 :31 hongerako ngo: “Bahejeje gusenga aho bakoraniye haratigita, bose buzuzwa Mpwemu Yera, bavuga ijambo ry'Imana bashize amanga.” Muzirikane ibintu bitatu muri iki gisomwa ca nyuma. Abizera barasenze buzuzwa Mpwemu Yera kandi icakurikiye bavuze ijambo ry'Imana bashize amanga-canke mu yandi majambo mu bwizigirwa. Isengesho, Mpwemu Yera hamwe n'igikorwa bigize ikintu kidatandukanywa.

Dutegerezwa kukugira

Ariko aravuga ku mibereho y'intumwa, Ellen G White avuga ibi: “Dutegerezwa gusenga dushimitse cane kugira ngo turonke Mpwemu Yera nk'uko intumwa zasenze ku musi wa Pentekote. Namba bari bakeneye Mpwemu Yera mu gihe cabo, twebwe uyu musi tumukeneye cane kubarusha.” (Testimonies for the Church, vol.5 p.158). Mbeg'ukuri gutangaje! Namba intumwa zari zikeneye isukwa rya Mpwemu Yera kugira ngo bashikire isi yabo n'ubutumwa bwiza, dukeneye ubushobozi burengeye ubwo baronse. Isi ubu ni nini cane, iragoye cane kandi yarononekaye cane uyu musi.

N'igihe co kurondera Imana mw'isengesho kugira ngo turonke ubushobozi butagira aho bugarukira bwa Mpwemu Yera kugira ngo dushobore gukora ivyo tutoshobora mu gihe twoba tudafise Mpwemu bwa Mpwemu Yera kugira ngo dushobore gukora ivyo twabonako

bidashoboka. Ellen White yandika ati : “ Ugusukwa kwa Mpwemu Yera kw’ishengero kurindiranywe igishika nk’aho ari ikintu kizoshika muri kazoza, ariko n’iteka kw’ishengero kuronka Mpwemu Yera ubu nyene. Mumurondere, mumusengere, mumwizere. Dutegerezwa kumuronka kandi ijuru ririndiriye kumuturonsa ” (Evangelism, p.701).

Twese turashobora kurondera ubushobozi bwa Mpwemu Yera kugira ngo dushobore gutangaza ubutumwa bw’abamalayika batatu muri uru rungano. Turonderere Imana hamwe mw’isengesho kugira ngo turonke iryo sukwa rikomeye rya Mpwemu Yera.

Umwanya w’isengesho (iminota 30-45)

Igishingantahe co mu misi cumi yo gusenga 2021

“ Namaze igice kinini c’ubuzima bwanje bw’umuntu akuze mu kugeregeza kuronka umunezero mu bintu vy’isi. Sinigeze ndeka kwiyumvisha ko mu gihe noronka umugabo mwiza, nkaronka akazi keza, nkagabanura ibiro ko noba ndonse umunezero. Sinabona ko uko ndushirizaho kwishira kubicaniro vy’iyi si ariko narushirizaho kwumva ndendebukiwe kandi ndi akahebwe. Nama naronse igikoresho c’imisi cumi yo gusenga binyuze muri email, ariko ntakubeshana sinigera ndagisoma ngo ndagiheze. Nari mfatiriwe cane no kwiyimbira ububiko bw’amazi bwanje bwite bwataye igihe mu gihe isoko y’amazi y’umugarara yari iruhande yanje ! Ubu ho, nafashe ingingo yo kugerageza Yesu maze nkaraba ko ivyo yavuze abishitsa. Mbega ingene yabaye imisi cumi y’amasengesho idasanzwe ! Nk’uko Mariya yabwiye Yosefu wi Arimataya narabonye Yesu kandi ndababwira ko ari muzima ! Kristo yampaye yanyeretse iyindi ntumbero nshasha kw’isengesho, kwumvira no kwizera. Nahaye Yesu umutima wanjye bundi bushasha maze kwatura ivyaha vyanje maze ndamusaba ngo agumane nanje. Uyu musi mfise ibintu vyinshi cane mbayemwo ! ” (Thuto)

Senga wisunze ijamba ry’Imana- Ivyakozwe n’intumwa 1 :8

Ariko muzohabwa ubushobozi Mpwemu Yera ni yabazako ; muzoba ivyabona vyo kunshingira intahe i Yerusalemu, n’i Yudaya n’i Samaliya hose no gushitsa ku mpera y’isi. ”

“ Muzohabwa ubushobozi ”

Mana, ndazi ko ataco nshoboye, ntaco ndico imbere y’ubutumwa bw’abamalayika batatu waduhaye. Burahambaye cane kandi kubw’abantu n’igikorwa kidashoboka. Ndagushimira kubw’isezerano ryo kuduha ubushobozi bwa Mpwemu Yera. Ndazi ko nkeneye

cane umubatizo wa Mpwemu Yera ku musu ku musu kandi ndizera isezerano ryawe ryo gukomeza abashira ivyizigiro vyabo muri wewe. ”

“ Muzoba ivyabona vyanje ”

Yesu, ndagushimiye ko wangize icabona c’urukundo rwawe, c’ukuri kwawe, hamwe n’ic’inkomezi zawe zihindura. Ndakwinginze, numpe inkomezi zo gusabikanya ivyo wankoreye n’abanzengurutse muri iyi misi ya nyuma ya kahise k’isi. Imisi yose umpe akaryo ko kugushingira intahe no kubwira abandi ingene uri mwiza bihebuje.

“ Gushika ku mpera y’isi ”

Data, ndemanga yuko igikorwa canje co kuvuga ubutumwa gitangurira i muhira kikabandanya muri karitiye, mukibano, mu gisagara, mu gihugu canje ndetse no kw’isi yose. Nyereka ingene nshobora kwifatanya n’igikorwa cawe ahombaye uyu musu n’ingene nshobora gushigikira igikorwa c’ivugabutumwa mw’isi yose.

Uturorero twinshi tw’amasengesho mwokwisunga

Amashimwe no guhimbaza : Shimira Imana kubwo imihezagiro muzi yabahaye kandi muyihimbaze kubera ubwiza bwayo.

Kwatura : Fata iminota mikeya kugira ngo mu buryo bw’ibanga waturire Imana kandi uyishimire ikigongwe cayo.

Gusaba inama : Saba Imana ibahe ubwenge bwo guhangana n’ibibazo kandi mumenye ingingo zibereye mwofata mur’iki gihe.

Ishengero ryacu : Sengera ubukene bw’ishengero mu karere no ku rwego rw’isi

Ubukene bw’aho mubaye : Sengera ubukene abizera b’ishengero ryawe ry’intango bafise, ubukene bwo mu muryango wawe ndetse n’ubw’ababanyi bawe.

Umwiriza hanyuma wishure : Fata umwanya wo kwumviriza ijwi ry’Imana maze wishure ukoresheje amashimwe canke indirimbo

Indirimbo ziyumviriwe :

Mwami wanje nyakira (138) ; Aho nzohamagarwa hose (155) Iyo nibuts’umusaraba (99)

UMUSI WA 4

Igenekerezo rya 08 Nzero 2022

IGIKORWA C'IMANA HAMWE N'ISENGESHO IGICE CA 2

“Dushima Imana se w'Umwami wacu Yesu Kristo, twama tubasengera ubudasiba, kuko twumvise ukwizera Kristo Yesu kwanyu n'urukundo mufitiye abera bese, kubw'ivyizigirwa mwabikiwe mw'ijuru, ivyo mwumvise kera, mw'ijambo ry'ukuri kw'ari ubutumwa bwiza, bwabashitseko nk'uko buri mw'isi yose bwama imbuto bugwira: kandi no muri mwebwe bugenza butyo uhereye uhereye wa musu mwumviye mukamenya ubuntu bw'Imana vy'ukuri” Kolosayi 1 :3-6.

Gukura mu buryo bunyarutse

Ishengero ryo mw'isezerano rishasha ryarakuze mu buryo bunyarutse kandi bw'igitangaza. Nk'inyishu kw'isengesho ry'ubwizigirwa, Mpwemu Yera yarasutswe n'ubushobozi budasanzwe. Abantu ibihumbi bitatu barabatiye mu kibanza kimwe, mu musu umwe. Mu Vyakozwe n'Intumwa 4, Ivyanditswe bivugako “Benshi mu bumvise ijambo barizeye; maze igitigiri c'abagabo gishika abababa ibihumbi bitanu” (Ivyakozwe n'Intumwa 4 :4). Mu gihe twoshiramwo abakenyezi n'abana, igitigiri c'abizera amezi make inyuma ya Pantekote coba mu vy'ukuri carashika hagati ya 15 000 na 20 000. Mu gitabo c'ivyakozwe n'intumwa cose tubandanya tubona uko ishengero ryabandaniye rikura mu buryo bwihuta. Ivyakozwe n'Intumwa 6 havugaga ko benshi mu baherezi n'abarongozi b'idini bumviye ukwizera (umurongo w'7).

Ivyanditswe biratubwira inkuru y'insiguro ya Filipo ari i Samariya, ingendo z'ivugabutumwa za Paulo yagize mu karere ka Mediterane, inyigisho y'ijambo ry'Imana Petero yatanze kwa Koroneliyo hamwe n'abizera bujijwe Mpwemu Yera maze batangaza inkuru nziza ya Yesu hose. Ubwaku bw'ubutumwa bwiza bwari bukomeye cane ku buryo intumwa Paulo yashobora kuvuga ko ubutumwa bwiza bwari bwarabwirijwe ababa musu y'ijuru bese (Abakolosayi 1 :23).

Uko ishengero ryo mw'isezerano rishasha ryakora n'icigwa ishengero ry'uyu musu ryokwisunga mu gihe turindiriye ukugaruka kw'Umwami wacu. Mbega n'uruhe rufunguruzo rw'intsinzi yabo? Ni kuki ishengero ryo mw'isezerano rishasha ryakuze n'ingoga? Turabe impamvu zimwe zimwe.

Ishengero ryo mw'isezerano rishasha ivyo ryakora vyose ryabicisha mw'isengesho. Babayeho ubuzima bwiyegeye Imana mu buryo bwuzuye kandi babeshwaho nayo. Baremanga ko batoshobora gukora ico Yesu yabatumye badafashijwe n'ubushobozi bwiwe. Ellen White abivugaga mu ncamake ngo: "Dutegerezwa kwama na ntaryo duhanze amaso kuri Yesu, dutahura ko ububasha bwiwe aribwo bukora igikorwa. Mu gihe dutegerezwa gukorana umwete ngo dushikane abazimiye mu gakiza, dutegerezwa kandi gufata umwanya wo kurimbura, gusenga no kwiga ijamba ry'Imana. Igikorwa kiranguwe mu gusenga cane kandi cejejwe n'amaraso ya Yesu, ni co conyene gihereza kugaragara ko gikwiye gushirwa mu vyiza" (Uwipfuzwa ibihe vyose p. 362).

Igikorwa c'Imana: Inzira y'Imana

Mwumvirizanye ubwitonzi iki cihanikirizo. Inkomezi wa Kristo nizo zikora igikorwa ciwe binyuze muri twebwe. Si ubukerebutsi bwacu, s'ubwenge bwacu, s'impano zacu, si n'ubumenyi bwacu. Ubukerebutsi budushoboza kuzana imitima tuburongira buvuye kuri Yesu. Ubushobozi bwo guhindura ubuzima ntawundi abufise atari Kristo, Kristo wenyene. Umwihwezo wa nyuma, Igikorwa kiranguwe mu gusenga cane kandi cejejwe n'amaraso ya Yesu, ni co conyene gihereza kugaragara ko gikwiye gushirwa mu vyiza. Igikorwa c'Imana gitegerezwa gukorwa nk'uko Imana yabitegekanije.

Hoba hari umuntu mukunda mwipfuzako kuzobona mu bwami bw'Imana? Hoba hari umugenzi wawe canke uwo mukorana yoba akeneye Yesu? Hari umuntu mwoba muzi yigeze kugendana n'ubwoko bw'Imana ariko ubu akaba yarashyize inyuma? Andika amazina yabo ku gace k'urupapuro gasanzwe maze ako gapapuro ugashyirwa muri Bibiliya yawe muri 1Yohana 5: 14-17. Buri musu, ishuzwa isezzerano ry'Imana kubw'abo muzinanyi. Muri uyu mwanya mureke tumare umwanya muto dusaba dusaba Imana itwibutse abantu yipfuzako twoyishikiriza maze dupfukame twese hamwe tubasengere.

Umwanya w'isengesho (iminota 30-45)

Gusenga wisunze ijamba ry'Imana- Abakolosayi 1 :3-6

"Dushyira Imana se w'Umwami wacu Yesu Kristo, twama tubasengera ubudasiba, kuko twumvise ukwizera Kristo Yesu kwanyu n'urukundo mufitiye abera bese, kubw'ivyizigirwa mwabikiwe mw'ijuru, ivyo mwumvise kera, mw'ijamba ry'ukuri kw'ari ubutumwa bwiza, bwabashitseko nk'uko buri mw'isi yose bwama imbuto bugwira: kandi no muri mwebwe bugenza butyo uhereye uhereye wa musu mwumviye mukamenya ubuntu bw'Imana vy'ukuri."

“Gusenga imisi yose”

Mwami, turatuye ko tutamaze umwanya uhagije mw’isengesho. Kenshi na kenshi, twagiye twizigira ubukerebutsi bwacu, n’indinganizo zacu mu vyo dukora vyose. Kandi n’iyo tuba dutegerezwa igikorwa cawe, ntitwigera turondera kurongorwa nawe. Turakwinginze utubabarire. Dufashe kugira ngo tube ishengero risenga kandi ishengero riteze vyose kuri wewe kugira ngo dushobore gutsinda tutishimikije ivyiyumviro canke integuro z’abantu. Hindura ubuzima bwacu bw’isengesho maze uzane ikangura muri twe.

“Ukwizera kwanyu muri Kristo”

Mwami turatahuye ko igikorwa kiranguwe mu gusenga cane kandi cejejwe n’amaraso ya Yesu, ari co conyene kizohereza kugaragara ko gikwiye gushirwa mu vyiza. Turakwinginze dufashe kugira ngo tugire nyambere isengesho ry’ubwizigirwa kandi rishimitse mu twigoro twacu twose no mu bikorwa vy’ivugabutumwa mw’ishengero ryacu, ariko kandi no mu buzima bw’umuntu ku giti ciwe hamwe n’ubw’imiryango. Ongereza ukwizera kwacu kugira ngo twame tuzirikana ko ushobora gushitsa ivyo wasezeranye.

“Urukundo rwanyu mukunda abera bose”

Mana y’urukundo, waraturemye uduha ubushobozi budashira bwo gukurira mu rukundo rwawe. Urakoze kuba warasutse urukundo rwawe mu mitima yacu kugira ngo natwe dushobore gukunda abatuzengurutse.

Uturorero twinshi tw’amasengesho mwokwisunga

Amashimwe no guhimbaza: Shimira Imana kubwo imihezagiro muzi yabahaye kandi muyihimbaze kubera ubwiza bwayo.

Kwatura: Fata iminota mikeya kugira ngo mu buryo bw’ibanga waturire Imana kandi uyishimire ikigongwe cayo.

Gusaba inama: Saba Imana ibahe ubwenge bwo guhangana n’ibibazo kandi mumenye ingingo zibereye mwofata mur’iki gihe.

Ishengero ryacu: Sengera ubukene bw’ishengero mu karere no ku rwego rw’isi

Ubukene bw’aho mubaye: Sengera ubukene abizera b’ishengero ryawe ry’intango bafise, ubukene bwo mu muryango wawe ndetse n’ubw’ababanyi bawe.

Umwiriza hanyuma wishure: Fata umwanya wo kwumviriza ijwi ry’Imana maze wishure ukoresheje amashimwe canke indirimbo.

Indirimbo ziyumviriwe

Imuhira hahirwa (194); Yesu nduwawe nyakira (25) Iyo nibuts’umusaraba (99), Kiza abanyavyaha (76).

UMUSI WA 5

Igenekerezo rya 09 Nzero 2022

UBURYO BWO KUBAHO WUMVIRA HAMWE N’ISENGESHO

“Kandi ubu nibwo bushizi bw’ubwoba dufise kuri yo, nukw’iyo dusavye ikintu cose gihwanye n’ivy’igomba, itwumva. Kandi ko tuzi yuko yumva ico dusavye cose, bitumenyesha yuko duhawe ivyo tuyisavye” 1 Yohana 5 :14, 15.

Twe ntaco dushoboye, ariko yo ishobora vyose

Ubutumwa bw’abamarayika batatu buduhamagarira kubaho ubuzima bwo kwumvira. Ubutumwa bw’umumarayila wa mbere buvuga buti: “Mwubahe Imana muyihimbaze kuko igihe c’amateka yayo gishitse” (Ivyahishuwe 14:7). Isezerano risha ryanditswe mu Kigiriki kandi ijambo “ubwoba” ryakoreshejwe muri ico gisomwa rishobora kandi gusigurwa ngo “icubahiro,” “iteka,” “gusonera”. Ni inyifato yo kuyoboka Imana, kuduzwa muvyiyumviro kugira ngo tube abumvira ubugombe bwayo. Umunyabwenge abivuga mur’aya majambo: “Indunduro yavyo n’iyi: wubahe Imana witondere ivyagezwe nayo; kuko ivyo ari vyo bibereye rwose umuntu wese. Kukw’Iman’izoshira igikorwa cose mu rubanza, bo n’ikintu cose gihishijwe ari kibi ari ciza” (Umusiguzi 12:13, 14).

Iyo twiyumviriye kwitondera ivyagezwe vy’Imana, biroroshe kwiyumvira ku bunyantegenke bwacu, ko turi ba goyigoyi, hamwe n’uko tudafise ubushobozi bwo gukora ico twagomba gukora i bwina mu mitima yacu. Kenshi cane, twipfuzaga gukora iciza ariko tukabura inkomezi zo gushira mu ngiro ico cipfuzo. Hamwe na Paulo dutegerezwa kwemanga: “Sinzi ico nkora kukw’ico ngomba atari co nkora, arik’ico nanka akaba ari co nkora” (Abaroma 7 :15). Mbega umuti intumwa yatoye kuri ayo madidane wabaye uwuhe? Ku mpera y’igice abaza ikibazo: “Ni nde yonkiza uyu mubiri untera urupfu?” Maze yishura n’aya majambo yo kwemeza we nyene yivuyiye ati: “Ndashima Imana kubwa Yesu Kristo Umwami wacu!” (Abaroma 7 :24, 25).

Hariho umuti ku ngorane zo kunanirwa kwamaho, ukicuza mu nyuma ukongera ukananirwa. Paulo avugako ari Yesu Kristo Umwami wacu. Turi abanyantegenke ariko we n'umunyenkomezi. Turi ba goyigoyi, ariko we ashobora vyose. Twebwe ntaco dushoboye ariko we ni Mushobora vyose. Ellen White amuvuga mu cubahiro mu Kinyamakuru yanditse mu 1897 ati: “Akarorero ka Kristo katwerekako ko icizigiro cacu kimwe gusa co gutsinda kiri mu guhangana mu buryo bwamaho n'ibitero vya Satani. Uwatsinze umwansi w'imitima mu ntambara irimwo ibigeragezo aratahura inkomezi za Satani ku kiremwa muntu kandi yanesheje ku bwacu. Uwatsinze yaduhaye akaryo ko gushikira intsinzi yiwe kugira ngo mu twigoro twacu two guhangana n'ibigeragezo vya Satani dushobore guhuza intege nke zacu n'inkomezi ziwe, kuba ataco tumaze tubihuze n'ubutwari bwiwe. Maze dushigikiwe n'inkomezi ziwe zamaho, duhanzwe n'ibigeragezo bikomeye, dushobora guhagarara mw'izina ryiwe rishobora vyose kandi tugatsinda nk'uko yatsinze” (Signs of the Times, 27 May 1897).

Ishuza intsinzi yiwe

Duhinduka abaneshi mu buzima bwacu rukristo igihe dushize ivyiyumviro vyacu vyose ku bushobozi bwa Kristo atari ku ntege nke zacu. Mu gihe twinjira mw'isengesho twishuze isezerano ryo muri 1Yohana 5 :14, 15: “Kandi ubu nibwo bushizi bw'ubwoba dufise kuri yo, nukw'iyoye dusavye ikintu cose gihwanye n'ivy'igomba, itwumva. Kandi ko tuzi yuko yumva ico dusavye cose, bitumenyeshya yuko duhawe ivyo tuyisavye.” Mu gihe twishuza iryo sezerano kubwo kwizera, Yesu azokora ibintu bidasanze kandi azodukomeza kugira ngo tubeho ubuzima butunganye mu gihe twitegurira ukugaruka kwiwe kwegereje.

Umwanya w'isengesho (iminota 30-45)

Gusenga twisunze ijambo ry'Imana- Umusiguzi 12 :13, 14

“Indunduro yavyo n'iyi: wubahe Imana witondere ivyagezwe nayo; kuko ivyo ari vyo bibereye rwose umuntu wese. Kukw'Iman'izoshira igikorwa cose mu rubanza, bo n'ikintu cose gihishijwe ari kibi ari ciza.”

“Wubahe Imana”

Mwami, turemera yuko uri Imana umuremyi, mushobora vyose kandi uzi vyose. Urengereye ugutahura kwacu kw'ikiremwa muntu gufise aho kugarukira, ariko kandi wama hafi yacu gusumba uko abakunzi bacu bo ku mutima batuba hafi. Turi ab'igiciro imbere yawe Nyen'icubahiro, turaguhimbaza kandi twipfuzako kukwubahisha ubuzima bwacu.

“Witondere ivyagezwe vyawe”

Mana nta bushobozi na bumwe dufise muri twebwe bwodushoboza kwitondera ivyagezwe vyawe, ngo tubeho duhuza n’ubugombe bwawe. Yesu niwe wenyene ashobora kudufasha. Dushaka gukora ivyo ugomba, kuba abizigirwa, ariko kenshi twama tunanirwa. Turashimye ko Yesu afise ubushobozi bwo kuturonsa intsinzi mu buzima bwacu. Duhindukiriye kuri we kandi twirunduriye mu biganza vyawe bitunganye. Yesu turagusavye ubeho ubuzima bwawe muri twebwe.

“Ikintu cose gihishijwe ari kibi ari ciza”

Data, ndatahuye ko imbere yawe ata kintu na kimwe kinyegejwe. Urazi umutima wanjye, urazi ukurororirwa kwanje n’ukunanirwa kwanje. Kandi urabona ibiba vyose ahatuzengurutse no mw’isi yose. Urakoze kuko nubwo hari hari ivyo nshobora kwiyumvamwo ivyiyumviro unyiyumvirako vyuzuye urukundo n’ubuntu, kandi sintinya urubanza mu gihe ngumye muri Yesu.

Uturorero twinshi tw’amasengesho mwokwisunga

Amashimwe no guhimbaza: Shimira Imana kubwo imihezagiro muzi yabahaye kandi muyihimbaze kubera ubwiza bwayo.

Kwatura: Fata iminota mikeya kugira ngo mu buryo bw’ibanga waturire Imana kandi uyishimire ikigongwe cayo.

Gusaba inama: Saba Imana ibahe ubwenge bwo guhangana n’ibibazo kandi mumenye ingingo zibereye mwofata mur’iki gihe.

Ishengero ryacu: Sengera ubukene bw’ishengero mu karere no ku rwego rw’isi

Ubukene bw’aho mubaye: Sengera ubukene abizera b’ishengero ryawe ry’intango bafise, ubukene bwo mu muryango wawe ndetse n’ubw’ababanyi bawe.

Umwiriza hanyuma wishure: Fata umwanya wo kwumviriza ijwi ry’Imana maze wishure ukoresheje amashimwe canke indirimbo

Indirimbo ziyumviriwe

Mbega ntugomba guturwa ivyaha (196); Nyemerera ngendane nawe (133) Aho azonyobora hose (136), Yesu nduwawe Nyakira (25).

UMUSI WA 6

Igenekerezo rya 10 Nzero 2022

IVYIZIGIRO MU RUBANZA HAMWE N'ISENGESHO

“Imana y’Umwami wacu Yesu Kristo, ari yo Se iragahezagiriye, yaduhezagiriye imihezagiro yose y’impwemu ahantu ho mw’ijuru muri Kristo : nk’uko yadutoranije muri we itanguriro ry’isi ritarashirwaho kugira ngo tube abera tutagira agasembwa imbere yayo turi mu rukundo. Kuko yagabiye kera ko duheshwa na Yesu Kristo gucika abana bayo kubwayo, nk’uko yabigomvye bikayihimbara” Efeso 1 :3-5.

Igihe c’urubanza kirashitse

Ubutumwa bw’umumalayika wa mbere bwo mu Vyahishuwe buvuga ko “ igihe c’urubanza [rw’Imana] cashitse ” (Ivyahishuwe 14 :7). Mu muco ukayangana cane w’ibihe vyose, ukuri kw’urubanza rw’Imana mw’ijuru rudushikana ku kurondera biciye mw’isengesho imigenderanire yimbitse n’Imana. Urubanza rubera mw’ihema ryo mw’ijuru rwatangazwa n’umusi w’impongano muri Isirayeli ya kera. Umusi mukuru w’impongano ikigereranyo co mw’ihema ryo mw’isezerano rya kera, Abisirayeli bese batagerezwa kwegerana bagakikuzwa ihema, bakatura ivyaha vyabo kandi bakarondera guharirwa n’Imana.

Abalewi 23 :29 havuga hatarya umunwa ngo : “ Kandi nihagira umuntu atazokwibabaza kuri uwo musu az’acibwe mu bwoko bwabo. ” Kwibabaza, kwari ukurondera Imana wicuza watura ivyaha vyawe, uyisaba ubushobozi bwo kubaho ubuzima butunganye. Iteka n’icubahiro vy’Imana ni vyo bizokwigwako mu rubanza rwa nyuma rwo mw’ijuru. Ibibazo vyabajijwe imbere y’amahanga ku vyerekeye kamere y’Imana. Mbega Imana iragorotse ? Amategeko yayo vyoba bidashoboka ko yubahirizwa ? Imana yoba ikundana kandi itarenganya ? Mu rubanza, Imana izokwerekana ko ataco itakoze ngo icungure ikiremwa muntu cose. Nta kindi yari gukora kirengeye ico yakoze. Ubuntu bwiwe burahagije kuri bese. N’ubuntu budukiriza icarimwe igihano n’ububasha bw’icaha. N’ubuntu buharira kahise kacu bugakomeza kubu kacu. Ukwihutirwa kw’ubutumwa bw’igihe c’urubanza bitujana ku kugiranira imigenderanire yimbitse na Kristo. Twipfuzwa gusomera izina ryiwe kandi ntihagire ico dukora kohonyanga icubahiro ciwe.

Ntidukwiye gutinya urubanza kuko Kristo niwe atuburanira, niwe mushikiriza manza, kandi ni nawe mucamanza (Yohana 5 :22). Muri Kristo, turi abahungu n’abakobwa b’Umwami

w'amajuru, tugize umuryango w'umwami wo mw'ijuru. Umuhanuzi Daniyeli yerekana Yesu mw'ihema ryo mw'ijuru aseruka imbere ya Data aje kudasabira mu gihe c'urubanza rwa nyuma rwo mw'ijuru. Ibihumbi n'ibihumbi vy'ibiremwa vyo mw'ijuru vyihutira kwegeranira mu cumba c'imanza. Intambara ihambaye hagati y'ikibi n'iciza vuba cane igiye kurangira. Izina ry'Imana- Kamere yayo bizoshirwa hejuru imbere y'amajuru. (Daniyeli 7 :9-14). Tuzobona ko Yesu ari umunyakigongwe kandi atarenganya ko yatanze impano iruta izindi zose yo mw'ijuru biciye muri Yesu Kristo.

Uko ibihe bizogenda bikurikirana tuzokwama tuvuga tuti : “ Imana y'Umwami wacu Yesu Kristo, ari yo Se iragahezagiriye, yaduhezagiriye imihezagiro yose y'impwemu ahantu ho mw'ijuru muri Kristo : nk'uko yadutoranije muri we itanguriro ry'isi ritarashirwaho kugira ngo tube abera tutagira agasembwa imbere yayo turi mu rukundo. Kuko yagabiye kera ko duheshwa na Yesu Kristo gucika abana bayo kubwayo, nk'uko yabigomvye bikayihimbara ” (Efeso 1 :3-6).

Mu mwanya wacu wo gusenga uyu musu, dusuzume imitima yacu maze dusabe Imana itwereke ivyo vyose bidahuye n'ubugombe bwayo. Tuyisabe itwuhagire ivyo vyaha biri i bwina mu mitima yacu kandi binyegejwe, hanyuma tuyishimire ubuntu bwayo n'ikigongwe cayo hamwe n'ubushobozi bwayo bwo gutsinda. Cane cane, tuyishimire ku bwa Yesu.

Umwanya w'isengesho (iminota 30-45)

Gusenga dukoresheje ijambo ry'Imana- Ivyahishuwe 14 :7

“ Mwubahe Imana muyihimbaze kuko igihe c'amateka yayo gishitse ”

“Mwubahe Imana”

Mana, turagushima. Ubereye iteka n'icubahiro. Wewe mwami w'ijuru, Imana umuremyi, wewe wamaho ibihe vyose, duhimbawe no kuba imbere yawe. Urengeye vyose.

“Muyihimbaze”

Mana, birahimbaye kwiyumvira ko ushaka kwiyerekana, kamere yawe y'urukundo, biciye muri jewe. Ndakwinginze, nyuzuzwa Mpwemu wawe Yera kandi umpe kugaragaza icubahiro kigukwiriye. Ingo ube muri jewe wongere ugaragare biciye muri jewe maze umpe intsinzi yawe ku caha. Umpe ubushobozi bwo kubaho mpuzwa n'ubugombe bwawe.

“Igihe c'amateka yayo kirashitse”

Yesu, urakoze kubw'urubanza. Urakoze ko urubanza rubaho kubwacu kandi ukaba ugiye gusubizaho ubutungane mur'iyi si. Urakoze kuko ari wewe utuburanira ukaba n'umuherezi Mukuru wacu kandi ubutungane bwawe buduha icizigiro dukeneye kugira ngo tuzohagarare imbere yawe twemye tunezerejwe no kugushima. Twibutse ko dusigaranye agahe gato ata mwanya wo gutakaza maze udufashe kumenyesha abantu benshi bashoboka ko bakwiye kwakira agakiza kabonerwa muri wewe.

Uturorero twinshi tw'amasengesho mwokwisunga

Amashimwe no guhimbaza: Shimira Imana kubwo imihezagiro muzi yabahaye kandi muyihimbaze kubera ubwiza bwayo.

Kwatura: Fata iminota mikeya kugira ngo mu buryo bw'ibanga waturire Imana kandi uyishimire ikigongwe cayo.

Gusaba inama: Saba Imana ibahe ubwenge bwo guhangana n'ibibazo kandi mumenye ingingo zibereye mwofata mur'iki gihe.

Ishengero ryacu: Sengera ubukene bw'ishengero mu karere no ku rwego rw'isi

Ubukene bw'aho mubaye: Sengera ubukene abizera b'ishengero ryawe ry'intango bafise, ubukene bwo mu muryango wawe ndetse n'ubw'ababanyi bawe.

Umwiriza hanyuma wishure: Fata umwanya wo kwumviriza ijwi ry'Imana maze wishure ukoresheje amashimwe canke indirimbo

Indirimbo ziyumviriwe

Yesu yadusezeraniye (183); Nzoririmba urukundo (121) Umucamanza ni yaza (109), Mubari mw'isi ntawugororoka (55)

UMUSI W'7

Igenekerezo rya 11 Nzero 2022

UBUTUMWA BW'ABAMALAYIKA BATATU, ISABATO HAMWE N'ISENGESHO

“Ati Nzozishirira icibutso mu ngoro yanje no mu rugo rwanje, ndazihe n'izina riruta kugira abahungu n'abakobwa; nzoziha izina ritazoshira, ritazokurwaho. Kandi n'abanyamahanga bifatanyana nanje Uhoraho kugira ngo bankorere bakunde izina ryanje, babe abasavyi banje, umuntu wese aziririza isabato ntayikengere, akabangiriza isezerano ryanje, abo

nabo nzobashikana ku musozi wanje wera mbanzereze mu ngoro yanje yo gusengerwamwo; ibimazi vyabo vyo kwoswa n'ivyo gukererwa bizokwemerwa ku gicaniro canje kukw'ingoro yanje izokwitwa inzu yo gusengerwamwo n'amahanga yose" Yesaya 56 :5-7.

Twaremwe ku mugambi

Ubutumwa bw'abamalayika batatu buhamagarira abantu bose gusenga Umuremyi wacu. Ntitwabayeho kubw'ihindagurika. Ntitwabayeho kubw'utunyabugingo twahuye mu buryo bw'isanganya. Imana yaraturemye kandi ubuzima n'impano y'agaciro kanini iva kuri Yesu. Intumwa Yohana ivuga iti:"Mwami wacu Mana yacu birakubereye guhabwa uguhimbazwa n'icubahiro n'ububasha kukw'ari wewe waremye vyose; icatumye bibaho kand'icatumye biremwa n'uko wabigomvye" (Ivyahishuwe 4 :11). Ni icyumviro giteye'igomwe kumenya ko turiho kubw'ubugombe bw'Imana. Isabato itwibutsa ko twaremwe ku mugambi. Ivyo bitugarukana ku murima wacu wa Edeni kandi bikatwibutsa Umuremyi adukunda atakindi atwipfuriza uretse ineza y'ubuzima bwacu gusa. Mur'iyi si y'imibabaro, y'ingwara n'ubumuga, Imana yaremye isezerana ko "itazoduhemukira, itazoduta" (Abaheburayo 13 :5). Ico conyene cari gikwiye gutuma dupfukama tugashimira Imana ku mpano y'ubuzima kandi tukabona imigambi yihariye afitiye ubuzima bwacu.

Isabato: Umuhamagarwo wo gusenga, wo guhimbaza Imana no gutangaza

Isabato itwibutsa kandi impano y'agakiza. Mu gihe turuhuka umusi w'isabato, turuhukira mu gikorwa ca Kristo cuzuye yakoze ku neza yacu (Abaheburayo 4 :9,10). Turuhukira mu buntu bwiwe. Isabato si itegeko ryahawe ihanga rya isirayeli ngo baryitondere gutyo gusa. N'umusi wuzuye ubuntu ku kiremwa muntu, bidushikana kukubaho twisunga gusa Kristo kandi Kristo wenyene kubw'agakiza kacu (Yesaya 56 :6, 7). Yesu yaheraheje indwi y'irema n'aya majambo ngo: "Ijuru n'isi binonosorwa kuremwa, bo n'ibirimwo vyose vy'isinzi. Ku musu ugira indwi Imana inonosora ibikorwa vyayo yakoze, iruhuka ku musu ugira indwi ibikorwa vyayo vyose yakoze." Ikindi, yaheraheje ibikorwa vyawe ku musaraba n'aya majambo ngo: "Birangiye." Ntaco dufise twokora ku gikorwa ca Kristo c'irema mu ntango. Yesu yaragitanguye aragihereheza. Ni ko bimeze no kugikorwa co gucungura umuntu Yesu yakoreye ku musaraba. Yesu yaratanguye igikorwa co gucungura atako aragihereheza. Isabato itwibutsa gusa ko dukwiye kwishimira urukundo rwiwe, tukaruhuka nk'uko yabigeze maze tukanezerwa muri Kristo yarishe ikiguzi kirengeye vyose kugira ngo turonke agakiza.

Isabato n’umuhamagaro wo gusenga, umuhamagaro wo guhimbaza Imana, umuhamagaro wo gutangaza ubwiza bw’Imana. Isabato itwibutsa kandi ko tutari twenyene mur’iyi si yononekaye yuzuye agahinda. Ubwiza bw’ivyaremwe buracatangaza Imana Umuremyi mu mibabaro y’iyi si. Isabato idusubiza kw’irema ariko kandi itwerekeza kandi kw’ijuru risha n’isi nsha, aho Imana izokwongera kurema bundi busha iyi si mu bwiza bwa Edeni.

Isabato n’umusi w’ibikorwa vyo kugira neza. Turashima Imana ko yaturemye kandi ikaba idufitiye imigambi myiza ku buzima bwacu. Turayishima ko yaducunguye kandi ikaba yaturihye igiciro kitagira akagero. Turayishima ko igiye kugaruka kubwacu maze ikarema ijuru risha n’isi nsha. Tuyirondere n’umutima ushima mu gihe dusenga.

Umwanya w’isengesho (iminota 30-45)

Gusenga twishimikije ijambo ry’Imana- Yesaya 56 :5-7

“Ati Nzozishirira icibutso mu ngoro yanje no mu rugo rwanje, ndazihe n’izina riruta kugira abahungu n’abakobwa; nzoziha izina ritazoshira, ritazokurwaho. Kandi n’abanyamahanga bifatanyana nanje Uhoraho kugira ngo bankorere bakunde izina ryanje, babe abasavyi banje, umuntu wese aziririza isabato ntayikengere, akabangiriza isezerano ryanje, abo nabo nzobashikana ku musozi wanjye wera mbanezereze mu ngoro yanje yo gusengerwamwo; ibimazi vyabo vyo kwoswa n’ivyo gukererwa bizokwemerwa ku gicaniro canje kukw’ingoro yanje izokwitwa inzu yo gusengerwamwo n’amahanga yose.”

“Nabo nyene”

Mana, waraturemye. Washatse ko tubaho kandi ushaka ko dusabana nawe ibihe vyose. Ego ushaka ko ikiremwa muntu cose kironka agakiza. Igihu cose, ubwoko bwose, umugwi w’abantu wose. Turagushima! Urakoze kubw’isabato ya buri ndwi itwibutsa ukwo kuri.

“Abo bose birinda ngo ntibahonyange isabato”

Mwami, kenshi cane twarahonyanze isabato canke ntitwayejeje. Turakwinginze duharire. Turakwinginze udufashe kwitondera amasaha y’isabato na cane cane kukumenya no kugushira hejuru mu musi w’isabato. Ugurura amaso yacu n’amatwi kugira ngo tumenye kandi ivyo ugomba buri musi kugira ngo dushobore guhimbaza kandi dushingire intahe ubwizigirwa bwawe mu ndwi yose no mw’isabato.

“Kandi akagumya isezerano ryanje”

Yesu, urakoze kuko isabato itari gusa ikimenyetso n'akaryo ko kukwibuka nk'Umuremyi wacu ariko kandi n'ikimenyetso c'agakiza. Urakoze ko udushoboza kuruhukira mu vyizigiro vy'ubutungane bwawe, budutwikira kandi bukatwuzura mu gihe duhagarara dushikamye ku majambo y'isezerano. Ukwubahiriza isabato kwacu kube ugusayangana kw'ubuzima bwa buri musi bugaragaza ko wama utubera umwizigirwa.

Uturorero twinshi tw'amasengesho mwokwisunga

Amashimwe no guhimbaza: Shimira Imana kubwo imihezagiro muzi yabahaye kandi muyihimbaze kubera ubwiza bwayo.

Kwatura: Fata iminota mikeya kugira ngo mu buryo bw'ibanga waturire Imana kandi uyishimire ikigongwe cayo.

Gusaba inama: Saba Imana ibahe ubwenge bwo guhangana n'ibibazo kandi mumenye ingingo zibereye mwofata mur'iki gihe.

Ishengero ryacu: Sengera ubukene bw'ishengero mu karere no ku rwego rw'isi

Ubukene bw'aho mubaye: Sengera ubukene abizera b'ishengero ryawe ry'intango bafise, ubukene bwo mu muryango wawe ndetse n'ubw'ababanyi bawe.

Umwiriza hanyuma wishure: Fata umwanya wo kwumviriza ijwi ry'Imana maze wishure ukoresheje amashimwe canke indirimbo

Indirimbo ziyumviriwe

Wibuke Isabato (92) Uyu musi w'akanyamuneza (93) Iman'ihimbarizwe ivyo yakoze (199)

Ntumbereye igihugu c'igikundiyo (151).

UMUSI W'8

Igenekerezo rya 12 Nzero 2022

UKUGWA KWA BABURONI HAMWE N'ISENGESHO

“Hanyuma y'ivyo mbona umumalayika wundi, amanuka avuye mw'ijuru, afise ubutware buhambaye, isi ibonesherezwa n'ubwiza bwiwe. Asemerera n'ijwi riranga ati: Kirakomvomvotse Babuloni ca gisagara gihambaye gicitse ikibanza c'abadayimoni

aharindirwa impwemu zihumanye zose, aharindirwa ibisiga bihumanya vyankwa vyose”
Ivyahishuwe 18 :1, 2.

Ubutumwa bw’umumarayika wa kabiri

Ubutumwa bw’umumalayika wa kabiri bwo mu Vyahishuwe 14 bwatunganijwe ngo butegurire abantu ukugaruka kwa Yesu. Bushira ahabona integuro y’Imana kandi bukanyegurura imigambi ya Satani.

Ubutumwa bw’umumalayika wa kabiri bugabisha abantu mu buryo bweruye: “Kirakomvomvotse, kirakomvomvotse Babuloni ca gisagara gihambaye cateretse amahanga yose vino niyo burake bw’ubushakanyi bwaco” (Ivyahishuwe 14 :8). Nk’uko Babuloni ya kera yagwanije Imana mu kwiyamiriza amategeko yayo, niko na Babuloni yo mu buryo bw’impwemu izohaguruka kugwanya Imana. Itembereza “igikombe cayo ca vino” y’inyigisho z’ibinyoma.

Guhenda amamiliyoni

Ellen White avuga Babuloni muri aya majambo: “Icaha gihambaye Babuloni yagirizwa nuko yanywesheje amahanga yose vino y’uburake bw’ubushakanyi bwayo. Ico gikombe c’akaborerwe anyweshya isi kigereranya inyigisho z’ibinyoma yemeye nk’inyishu kukwifatanya kutemewe kwayo n’abahambaye bo kw’isi. Ubucuti yagiranye n’isi bwononye ukwizera kwiwe maze nk’ingaruka, aca agira ubwaku buzimiza kw’isi mu kwigisha inyigisho ziwe zirwanya ukuri kwashikirijwe mu buryo buboneka neza mu Vyanditswe Vyera” (Intambara Ihambaye, p.388 mu Congereza). Ubusambanyi ni ukwifatanya kutemewe n’amategeko. Babuloni yo mu vya Mpwemu yitandukanije n’umukunzi wayo w’ukuri, Yesu maze yifatanya n’ama Leta canke ubutegetsu bwa Politike.

Ukwo kwifatanya kw’ishengero na Leta nk’uko kwavuzwe mu Vyahishuwe 17, gushikana ku gukushirwaho kw’ikimenyetso c’igikoko. Babuloni igereranya indinganizo y’idini ihindura Ivyanditswe maze igashimikira ku nyigisho zashizweho n’abantu. Ubutumwa bw’umumalayika wa kabiri bufatanyijwe n’ubuhanuzi bwo mu Vyahishuwe 17 na 18 bwerekana ibishika kuri iyi si nk’utwumiza duty’ubwoba. Ubutegetsu bw’ishengero ryaguye buzokwifatanya n’inguvu z’abanyapolitike n’abatunzi bo kw’isi kugira ngo bagire ubumwe mu gihe c’ivyago n’ibiza bizoshika kw’isi yose.

Ubutumwa bw'umumalayika wa kabiri bwumvikana nk'umuhamagaro wihutirwa wo gusenga nibura mu buryo butatu.

Ubwa mbere, buduhamagarira kuba abizigirwa kuri Kristo no kw'ijambo ryiwe. Kugira imyumvikano mu vy'ubuzima bwacu bwihariye ntahandi bizotujana uretse kudushikana kukwifatanya na Babuloni mu bihe vya nyuma vya kahise k'isi gutyo tugaca duhagurukira kurwanya Imana.

Ubwa kabiri, ubwo butumwa buduhamagarira kugira ukwizera gushobora kwihanganira ibigeragezo biruta ibindi. Umuhanuzi w'Imana aradutera akamo gashimitse ati: "Igihuhusi kiraje, n'uburake budahesha. Mbega turiteguye kukirwanya? Ntaco bimaze kuvuga ngo: Ivyago vyo mu misi ya nyuma bigiye kudushikako bidatevye. Vyamaze gushika. Dukeneye ubu nyene inkota y'Uhoraho kugira ngo ducagagure gushika ku ntimatima no ku musokoro ukwipfuzwa, umunoho n'ibikwegakwega vy'umubiri. Ubwenge bwahebewe mu vyiyumviro bipfuye bitegerezwa guhinduka... Ivyiyumviro bitegerezwa gutumberezwa ku Mana" (Avec Dieu à l'aube, p. 113).

Ubwa gatatu, ubwo butumwa buduhamagarira gutumira incuti zacu mu migenderanire yimbitse na Yesu hamwe no gutahura ukuri kwo mu Vyahishuwe kwerekeye iyi saha ya nyuma. Mu gihe dupfukama kugira ngo dusenge, dusengere ibi bintu bikurikira:

1. Ugutahura neza ijambo ry'Imana, urukundo ruhambaye dukunda Yesu hamwe n'ubwenge butajegajega.
2. Ukwizera gushobora kwihanganira ikigeragezo gisumba ibindi
3. Ishaka ryo gushinga intahe ku batuzengurutse

Umwanya w'isengesho

Gusenga wisunze ijambo ry'Imana- Ivyahishuwe 14:8

"Kirakomvomvotse, kirakomvomvotse Babuloni ca gisagara gihambaye cateretse amahanga yose vino niyo burake bw'ubushakanyi bwayo"

"Kirakomvomvotse Babuloni"

Data, Uhoraho, uretse ijambo ryawe, nta kindi kintu mur'iyi si dushobora kwizigira kugira ngo turonke ishimikiro rikomeye kandi ryo kwizerwa rizoshikana ku bugingo. Dufashe kwubakisha ubuzima bwacu Ubuntu bwawe, impwemu yawe kandi twubake kw'Ijambo ryawe ryonyene.

“Yateretse amahanga yose vino”

Mana, twatewe iteka ryu kukumenya no gutahura ukuri biciye mw’ijambo ryawe. Turazirikana kandi inshingano yacu kubw’ivyo. Uyu musu, turagusavye kubw’amamiliyaridi y’abantu baguye mu mitego y’amadini y’ibinyoma. Dufashe ngo tubereke ukuri kw’uwo uri hamwe n’ingene ubakunda kandi ugashaka ko binjira mu kunengesera kw’ukuri kwose.

“Vino y’uburake bw’ubusambanyi”

Yesu, turemanga ko ibihe vyinshi twagiye dusamazwa n’ibihendo hamwe n’ibigeragezo vya Satani. Kenshi, turareka guhanga amaso kuri wewe maze tukiraba twebwe nyene hamwe n’ivyaturanze vyo kwikunda. Turakwinginze utubabarire. Dutabare ugutsindwa na kamere kaku k’umubiri, maze ushire muri twebwe intsinzi atawundi ashobora gutanga kiretse wewe gusa.

Uturorero twinshi tw’amasengesho mwokwisunga

Amashimwe no guhimbaza: Shimira Imana kubwo imihezagiro muzi yabahaye kandi muyihimbaze kubera ubwiza bwayo.

Kwatura: Fata iminota mikeya kugira ngo mu buryo bw’ibanga waturire Imana kandi uyishimire ikigongwe cayo.

Gusaba inama: Saba Imana ibahe ubwenge bwo guhangana n’ibibazo kandi mumenye ingingo zibereye mwofata mur’iki gihe.

Ishengero ryacu: Sengera ubukene bw’ishengero mu karere no ku rwego rw’isi

Ubukene bw’aho mubaye: Sengera ubukene abizera b’ishengero ryawe ry’intango bafise, ubukene bwo mu muryango wawe ndetse n’ubw’ababanyi bawe.

Umwiriza hanyuma wishure: Fata umwanya wo kwumviriza ijwi ry’Imana maze wishure ukoresheje amashimwe canke indirimbo

Indirimbo ziyumviriwe

Ntituzigihe azogaruka (181), Ntundengane Mukiza we (88), Ni muvuyuke kugwana (172), Ntituz’umusi (180).

UMUSI W'9

Igenekerezo rya 13 Nzero 2022

IKIMENYETSO C'IGIKOKO HAMWE N'ISENGESHO

“ Hanyuma y'ivyo numva mw'ijuru ikimeze nk'ijwi rirenga ry'ishengero ryinshi, riti Haleluya ; agakiza n'ubwiza n'ububasha n'ivy'Imana yacu, kukw'amateka yayo ar'ay'ukuri n'ukugororoka. Yaciriy' kw'iteka umwe maraya w'agahebuza yononesha abari mw'isi ubusambanyi bwiwe kand'imuhoye amaraso y'abagurano bayo. Rivuga ubugira kabiri, riti Haleluya. Kand'umwotsi wiwe upfunduka ibihe bitazoshira ! Ba bakuru mirongo ibiri na bane na vya binyabugingo bine vyikubita hasi bisenga Imana ivyagiye kuri ya ntebe, biti Amen ; Haleluya. Ijwi riva kuri iyo ntebe rivuga, riti ni mushime Imana yacu yemwe mwese abagurano bayo, abayubaha, aboroshe n'abakomeye. ”

Ukugabisha gukomeye

Ubutumwa bw'umumalayika wa gatatu ari nabwo bwa nyuma mu butumwa bw'abamarayika batatu ni kumwe mu kugabisha gukomeye cane dusanga muri Bibiliya. N'ikibazo abantu benshi bumva bokwirengagiza, ariko gishira ahabona ukuri kwo mu vya Mpwemu guhindura ubuzima, kugahura n'ubukene bwacu bwimbitse maze kukatwegereza Yesu. Intumwa Yohana yandika agira ati : “ Umumalayika wundi wa gatatu akurikirako avuga n'ijwi rirenga ati Ni hagira umuntu asenga ca gikoko n'igishushanyo caco akemera gushirwakw'ikimenyetso mu ruhanga canke ku kiganza, uwo nawe azonywa kuri vino, niyo burake bw'Imana yiteguye idafunguye mu gakarabo k'uburake bwayo. Kand'azobabarizwa n'umuriro n'amazuku imbere y'abamalayika n'imbere ya wa Mwagazi ” (Ivyahishuwe 14 : 9, 10).

Ingingo ya mbere ihindura ubuzima kuvyerekeye ukwo kugabisha nuko kuva ku mutima w'Imana ata kindi yipfuzwa uretse kudukiza ngo itujane mu bwami bwayo. N'ubutumwa buva ku Mana bwo kugabisha kugira ngo abantu bayo ntibazoturumbukirwe n'amahano agiye kuza.

Ubwa kabiri, ivyo birafitaniye isano no gusenga. Umumarayika aravugaga ati: “Ni hagira umuntu asenga ca gikoko” Ibi vyerekana ko baba bakora igihushane c'ubutumwa bw'umumarayika wa mbere mu murongo w'indwi buhamagarira abantu gusenga Umuremyi. Gusenga Umuremyi bishikana abigishwa ba Kristo b'abizigirwa ku kwishura ku rukundo rwiwe, ku kwizigira ubuntu bwiwe bukiza, kwumvira ijambo ryiwe no kwitondera ivyagezwe

vyiwe. Gusenga igikoko bishikana abantu ku kubaho ubuzima bwo kwikwegerako butarimwo Imana kuko buhonyanga amategeko yayo. Umuntu yiyumvira ivyiwe aho kwiyumvira ivya Yesu.

Igikoko muri twebwe

Ubu butumwa bw'umumalayika wa gatatu buvuga igihe kigira kize aho ishengero na Leta bizokwifatanya biri musu y'ubutegetsi bw'ubupapa kugira ngo bahatire abantu gusenga ku musu wa mbere w'imisi indwi (Dimanche). Ubutumwa bwa nyuma bw'abamalayika batatu n'umuhamagaru kw'isengesho ry'ubwizigirwa kandi ribereye.

Ingingo ngenderwako ya Anti Kristo - ubwibone mu gishingo co guca bugufi, ukwihimbaza mu gishingo co kwitanga ku neza y'abandi hamwe no kwizigira ubwenge bw'abantu aho kwizigira guhumekera n'Imana dusanga mu Vyanditswe Vyera- yarashinze imizi muri kamere yacu yononekaye. Mbega n'uwuhe muti ku ingingo ngenderwako z'igikoko ziba muri twebwe? Hariho umuti umwe rudende, kandi uwo ni Yesu: Ubuntu bwiwe, ubushobozi bwiwe, urukundo rwiwe rwuzura imitima yacu n'ubuzima bwacu. Kireka gusa ukwiyegurira Yesu kwacu kubaye gufise inkomezi gusumba ibisamaza vy'iyi si, bitabaye ivyo tuzogenda twumvira ingingo ngenderwako z'igikoko uhereye mur'iki gihe kandi umusi umwe tuzokwakira ikimenyetso c'igikoko. Ukugabisha ngo twirinde ikimenyetso c'igikoko mu butumwa bw'umumalayika wa gatatu vyategerezwa gutuma dupfukama mu guca bugufi twishikanira Kristo, tugasaba Mpwemu wiwe ngo adutunganye rwose uhereye imbere muri twe kandi akore igitangaza c'ubuntu bw'Imana mu mitima yacu. Ivyo vyategerezwa kandi gutuma dusengera imiryango yacu, abagenzi bacu hamwe n'ababanyu bacu, kugira ngo nabo bagire imitima yugurukiye ubutumwa bw'agakiza bwa Kristo bwo mu misi ya nyuma. Ubwo butumwa bwategerezwa kudutera umwete wo kurindirana igishika umusi aho tuzohimbarwa turi kumwe na Kristo, tuzengurutse intebe yiwe y'ubwami aho tuzoba ibihe vyose (Ivyahishuwe 19:1-5).

Umwanya w'isengesho (iminota 30-45)

Gusenga twishimikije ijamba ry'Imana- Ivyahishuwe 14:9-10

“Umumalayika wundi wa gatatu akurikirako avuga n'ijwi rirenga ati Ni hagira umuntu asenga ca gikoko n'igishushanyo caco akemera gushirwakw'ikimenyetso mu ruhanga canke ku kiganza, uwo nawe azonywa kuri vino, niyo burake bw'Imana yiteguye idafunguye mu gakarabo k'uburake bwayo. Kand'azobabarizwa n'umuriro n'amazuku imbere y'abamalayika n'imbere ya wa Mwagazi.”

“Ni hagira umuntu asenga igikoko n’igishushanyo caco”

Mana, uri Imana yitaho abo yaremye, Imana ishaka ko bose bakizwa ntibapfe rubi. Abantu benshi cane bahindukirira amadini y’ibinyoma, inyigisho zononekaye hamwe n’ibigirwamana vyo mu gihe c’iterambere nk’isoko ry’inkomezi hamwe n’aho bashobora gukirira ibikomere vyo mu buzima bwabo. Turagushimira ko witaho cane kubaburira hamwe no kugira uruhara mu kubayoborera kuri Yesu nk’Umukiza w’ukuri wenyene abereye gusengwa.

“Uburake bw’Imana”

Mana, ivyo biraturemesha cane, ko ufise ishavu ryeranda urakira icaha, ikibi hamwe n’agatima ko gukora ikibi. Urakoze ko ugomba guherengeteza icaha ibihe vyose kandi umusi umwe ugasubizaho urukundo rutunganye, amahoro hamwe n’urutonde mw’isi. Urakoze kuba waratweretse neza biciye muri Yesu ko utagomba gutsindisha abantu ariko ko ushaka kubakiza. Urakoze ko uha umwe wese mu bo waremye akaryo ko guhitamwo hamwe n’akaryo ko kwakira agakiza muri Yesu. Ndakwinginze, dukize kandi udukingire ingingo ngenderwako za Antikristo zo kwihimbaza no kugira ubwibone. Mu cimbo c’ivyo, tuyoborere gukurikira Umwagazi aho aja hose.

“Imbere y’Umwagazi”

Yesu, biraturemesha kumenya ko mu gihe c’urubanza rwa nyuma, bizogaragara kuba waratanze ubuntu hamwe n’agakiza utabitandukanije n’ubutungane. Urakoze ko wemeye kwikorera igihano caterezwa kuba kur’abo bose bakwishikanira. Urakoze kandi ko, nubwo bigoye kwitegereza abazoba bahisemwo kugumbira icaha bariko bararimbuka, bose bazokwatura yuko utunganye, uterenganya kandi uri umunyabuntu muri vyose.

Uturorero twinshi tw’amasengesho mwokwisunga

Amashimwe no guhimbaza: Shimira Imana kubwo imihezagiro muzi yabahaye kandi muyihimbaze kubera ubwiza bwayo.

Kwatura: Fata iminota mikeya kugira ngo mu buryo bw’ibanga waturire Imana kandi uyishimire ikigongwe cayo.

Gusaba inama: Saba Imana ibahe ubwenge bwo guhangana n’ibibazo kandi mumenye ingingo zibereye mwofata mur’iki gihe.

Ishengero ryacu: Sengera ubukene bw'ishengero mu karere no ku rwego rw'isi

Ubukene bw'aho mubaye: Sengera ubukene abizera b'ishengero ryawe ry'intango bafise, ubukene bwo mu muryango wawe ndetse n'ubw'ababanyi bawe.

Umwiriza hanyuma wishure: Fata umwanya wo kwumviriza ijwi ry'Imana maze wishure ukoresheje amashimwe canke indirimbo

Indirimbo ziyumviriwe

Mwami Mana yanje (170); Wamane imigabo yo gutungana (28) Umira ku Mana ntutezure (38) Umpe Bibiliya (45).

UMUSI W'10

Igenekerezo rya 14 Nzero 2022

UBWOKO BW'IMANA, AMASIGARIRA HAMWE N'ISENGESHO

“Aho niho ukwihangana kw'abera guserukira bitondera ivyagezwe n'Imana n'ukwizera Yesu” Ivyahishuwe 14 :12.

Intumbero ya nyuma

Ubutumwa bw'abamalayika batatu bufise intumbero nshimikiro, intumbero yihariye: gutegurira abantu ukuza kwa Yesu. Ubwo butumwa bwahumetswe n'Imana bushika kw'isonga ryabwo mu Vyahishuwe 14 :12, igihe Yohana yasigura mu gutahura no kwemera ubutumwa bw'ijuru bwerekeye iherezo ry'ibihe. “Intumwa ivuga ko ubwo butumwa buzohindura abantu kuburyo bandikwako ngo: Aho niho ukwihangana kw'abera guserukira bitondera ivyagezwe n'Imana n'ukwizera Yesu” (Ivyahishuwe 14 :12).

Ijambo kwihangana ryoshobora gusigurwa neza nko kwikomeza. Kubw'ubuntu bwiwe, ubwoko bw'Imana buzokwihanganira ibigeragezo vyo mu misi ya nyuma kandi buzohoka butsinze. Bazohangana n'uburake bw'igikoko kandi ntibazogurisha umutimanama wabo. Nubwo batazoba bashobora kugura canke ngo bagurishye kandi bakaba bariko baraca mu gahamo, ugufungwa ndetse n'urupfu ubwarwo kubw'urukundo rwa Kristo, bumvira amategeko yiwe, ntushobora kubahatira guheba ubwizigirwa bwabo kuri Kristo. Babayeho ubuzima bwo kwumvira bwuzuye ubuntu, bushira Kristo hejuru muri iyi si y'inyavyaha, itemera kuyoboka, itumvira kw'isaha ya nyuma y'isi.

Ukwizera kwa Yesu

Hari ikindi kintu gitangaje mu Vyahishuwe 14 :12. Abo bizera bo mu bihe vyanyuma ntibafise gusa ukwizera muri Yesu ahubwo bafise ukwizera kwa Yesu. Ukwizera kwa Yesu n'iki ? Ukwizera kwa Yesu ni bwa bwoko bwo kwizera Imana Yesu yari afise igihe yari ku musaraba. Igihe Yesu yemera gushirwa ku musaraba yikoreye ivyaha, isoni n'ugucirwa kw'iteka kw'ivyaha vy'abantu, yiyumvisemwo kw'Imana yamuhevyeye. Ububi bw'icaha bwari burenze urugero ku buryo Yesu yiyumvisemwo ko Imana yamuhevyeye. Ni co gituma yatakishijwe n'umubabaro ati : “Mana yanje, Mana yanje n'iki kikumpebesheje ?” (Matayo 27 :46). Mbega Imana yoba yari yamuhevyeye ? Haba namba ! Amaso yiwe y'umuvyeyi na ntaryo yararaba ku musaraba. Umutima w'urukundo w'Imana warajanjaguwe no kubona urupfu umwana wayo yariko aracamwo. Yesu yari afise ivyizigiro nubwo atashobora kuraba. Ukwizera kwiwe kwaraduga kukarengana ivyariko biraba iruhande yiwe. Ni co gituma amajambo yiwe yanyuma yabaye aya ngo : “Data mu maboko yawe niho nshize ubugingo bwanje ” (Luka 23 :46).

Imbere gato yuko Yesu agaruka, nk'uko ubuhanuzi bwo mu Vyahishuwe bubivuga, ubwoko bw'Imana buzotegerezwa kandi kugira ivyizigiro mu Mana mu gihe ibintu vyose bibazengurutse bizoba bisa n'ivyahagurukiye kubarwanya. N'iki kizobashoboza kurengana ico gihe kigoye cane ? Ni “ukwizera kwa Yesu.” Ni gute twokuzwa ukwo kwizera kwa Yesu ? Ubwa mbere nk'uko agakiza ari impano, ukwizera nakwo nyene n'impano Imana ishira mu mitima yacu maze kugatera gukura uko tugenda tugukoresha (Abaroma 12 :3-8). Mu gihe tubayeho mu bihe bigoye, maze tukagumbira n'inkomezi zacu zose ku masezerano y'Imana, ukwizera kwacu kurakura. Mu gihe twujuje ubwenge bwacu ijambo ry'Imana, ukwizera kwacu kurakura (Abaroma 10 :17). Mu gihe dutahuye ko ata kwizera dufise maze tugasenga dushimitse kugira ngo Imana yongereze ukwizera kwacu, ukwizera kwacu kurakura (Luka 17 :5).

Mu mwanya wacu wo gusenga uyu musu, dusabe Imana iduhe ugushikama mu gihe duhanganye n'ibigeragezo vy'ubuzima. Dusenge kugira ngo aduhe inkomezi zo kuba abantu bumvira ubugombe bw'Imana mu mice yose y'ubuzima bwacu kandi dusabe ijuru ryongereze ukwizera kwacu kugira ngo “ukwizera kwa Yesu ” kwuzure ubuzima bwacu kandi ridutegurire akaga ka nyuma gaheruka isi. Hanyuma umusi umwe tuzobana na Yesu ibihe bidashira !

Umwanya wo gusenga (iminota 30-45)

Gusenga twisunga ijambo ry’Imana- Ivyahishuwe 14 :12

“ Aho niho ukwihangana kw’abera guserukira bitondera ivyagezwe n’Imana n’ukwizera Yesu ”

“ Aho niho ukwihangana kw’abera guserukira ”

Mwami, tumaze igihe kirekire turindiriye ukugaruka kwawe. Turazi kandi ko isaha yawe itarigera izima kandi ko uzi ibirushiriza kuba vyiza kuri twebwe. Urakoze kuko nk’uko Mpwemu Yera aba muri twebwe, azozana muri twe ukwihangana n’ugushimika. Twereke ingene twokoresha neza umwanya wacu dusigaranye kugira ngo tukwubahe. Iyo turi mu bigeragezo n’amarushwa tuzoremeshwa n’uko tuzi ko uzoduha inkomezi n’ukwihangana biva ku Mana.

“Bitondera ivyagezwe n’Imana”

Ubugombe bwawe Mana, n’urukundo. Urukundo tugukunda n’urukundo dukunda bagenzi bacu. Urukundo rwerekanywe mw’ijambo ry’Imana no mu buzima bwa Yesu. Ndanezerewe ko ushoboye kandi ukaba wipfuzaga guhindura imitima yacu y’ubugarariji ngo ihinduke iyigendana n’urutonde yisunze itegeko rihambaye ry’urukundo.

“Ukwizera kwa Yesu”

Mana, ndahimbawe, n’ukwizera hamwe n’ubwizigirwa Yesu yerekanye hano kw’isi, na cane cane mu gupfa ku musaraba. Muri bwa buryo yagirira icizere Se bikatubera akarorero, ntarekera aho ariko aha akaryo abo bose bizera ko gukuza muri bo ukwo kwizera nyene. Yesu, ndakwinginze komeza ukwizera kwacu, ku musu ku musu gutere kwiyongera. Turakwiyeguriye Mucunguzi wacu mwiza kandi w’umwizigirwa.

Uturorero twinshi tw’amasengesho mwokwisunga

Amashimwe no guhimbaza: Shimira Imana kubwo imihezagiro muzi yabahaye kandi muyihimbaze kubera ubwiza bwayo.

Kwatura: Fata iminota mikeya kugira ngo mu buryo bw’ibanga waturire Imana kandi uyishimire ikigongwe cayo.

Gusaba inama: Saba Imana ibahe ubwenge bwo guhangana n’ibibazo kandi mumenye ingingo zibereye mwofata mur’iki gihe.

Ishengero ryacu: Sengera ubukene bw’ishengero mu karere no ku rwego rw’isi

Ubukene bw'aho mubaye: Sengera ubukene abizera b'ishengero ryawe ry'intango bafise, ubukene bwo mu muryango wawe ndetse n'ubw'ababanyi bawe.

Umwiriza hanyuma wishure: Fata umwanya wo kwumviriza ijwi ry'Imana maze wishure ukoresheje amashimwe canke indirimbo

Indirimbo ziyumviriwe

Twubake kuri Yesu rutare (106); Mwami wanje nyakira (138); Ntumberey'igihugu c'Igikundiro (151); Dushim'Imana (27).